**Государственное бюджетное общеобразовательное учреждение**
**«Специальная (коррекционная) общеобразовательная школа-интернат**
**для слепых и слабовидящих имени В.Ш.Дагаева»**

**Приложение 1**
**к АООП ООО**

**Утверждаю**
Директор ГБОУ «С(к)ОШИСС имени В.Ш.Дагаева»
_______________/ Ч.А.Гайрабеков/
Приказ № 80 от _30 08_ 2024 г.

# Рабочие программы
## по учебным предметам основного общего образования
## 5-10 классы
## (слепые)
## 2024 - 2025 учебный год

ДОКУМЕНТ ПОДПИСАН
ЭЛЕКТРОННОЙ ПОДПИСЬЮ

Сертификат:
2D9961C1167822A7E76758B3D82425BF
Владелец: Гайрабеков Чингизхан Аюбович
Действителен: с 12.04.2024 до 06.07.2025

**Государственное бюджетное общеобразовательное учреждение**
**«Специальная (коррекционная) общеобразовательная школа-интернат**
**для слепых и слабовидящих имени В.Ш.Дагаева»**

**Рабочая программа**
**по учебному предмету «Чеченская Литература»**
**5-10 классы**
**для слепых обучающихся**
**2024 - 2025 учебный год**

Составители:
Байтулаева А.С.
Сулейманова С.С.
учителя чеченского языка и литературы

**Кхеторан кехат**

**«Ненан (нохчийн) меттан литература» дешаран предметан йукъара характеристика**

Белхан программа «Нохчийн литература» 5-10-чу классашна х1оттийна коьртачу йукъарчу Федеральни пачхьалкхан дешаран стандартаца дог1уш, т1еч1аг1дина министерствон омрица коьртачу йукъара дешаран бух т1е а тевжаш г1уран беттан 17 –чу дийнахь 2010-чу шарахь №1897 йолуш, АООП ООО ГБОУ «С(к)ОШИСС В,Ш,Дагаевн ц1арахчу» б1аьрса доцчу дешархошна лерина,х1оттийна ФАОП ООО ОВЗ, т1еч1аг1дина министерствон омрица коьртачу йукъара дешаран лахьанан беттан 24-чу дийнахь 2022 ш. №1025 а йолуш, ФРП-ца а йог1уш.

Нохчийн мотт – нохчийн къоман мотт а, Нохчийн Республикин пачхьалкхан мотт а бу, цу бахьано хьелаш кхуллу цуьнан Іалашбаран а, кхиоран эшар. 5-10 классашкахь «Ненан мотт а, ненан меттан литература а» предметан декъахь хьоьхуш йу ненан (нохчийн) меттан литература санна, иза хьажийна йу дешархойн интеллектуале-довзаран, коммуникативе, исбаьхьаллин-эстетикин похІмаш кхио а, коьрта гІиллакхе-этикин кхетам кхолла а, личностана нохчийн къоман культура марзйан а.

Нохчийн литературан программа лерина йу коррекционни дешаран учрежденина,заь1апчу берашна (б1аьрса доцчу). Программа нисйина, дешаран сахьташ декъна ду урокийн коьчалшка берийн шерашка хьаьжжина.

«Ненан (нохчийн) меттан литература» предмет – иза беран интеллектуале а, гІиллакхе-этикин а кхиаран тІегІа къастаден гуманитарни дешарх коьрта предмет йу. Литературин дешаро аьтто бо йешаран маьІна а девзаш, литература Іаморо шегахь къонахчун амал кхиайой а хууш, шен дуьненхьежамна дашца а, йозанца а бух бало а хууш, адамца а, йукъараллица а йаза хууш йолу кхетаме личность кхио.

Программо чулоцу кхеторан кехат а, предмет карайерзоран кхочушдан лору жамІаш а, предметан чулацам а, программин хІора дакъа карадерзо билгалдаьхначу сахьташца йолу тематикин планировани а, урокал арахьарчу гІуллакхдаран план а.

Карара программа бух хилла лаьтта авторийн дешаран программаш хІитторехь а, «Ненан (нохчийн) меттан литература» дешаран предмет хьоьхучу ненан (нохчийн) меттан а, литературин а хьехархойн белхан программа хІотторехь а. Авторийн а, белхан программаш хІитточара а хьехаран материал къепе йалорехь и Іамо раж къасто а, дакъойн

а, теманийн а сахьташ дIасхьадекъа а шен некъ кховдо а мега.

Литература уггаре эвсаре гIирс бу шен кхачаме стаг хила (ша шен кхето, ша шен кхио), гонахьарчу хиламийн хьелашца тарвала, иштта кхолларалин жигаралин стимулятор а йу.

Ненан меттан литература Iаморо дIалоцу личность кхиоран процессехь коьрта меттиг, иштта Iаморо аьтто бо цуьнгахь къонахалла, гIиллакхе амал, кхолларалин похIма кхиорехь, нохчийн халкъан дахаран философи йовзарехь а, карайерзорехь а, иштта доккха гIо до къоначу тIаьхьене къоман исторически зераш дIакховдорехь а. Билггал йолу Iалашонаш кхочушйаран дешаран материал вовшахтоьхна гуманизман критерешца, исбаьхьаллин а, довзаран а мехаллашца, пайдаэцархьама тIекхача йиш хиларца, актуале хиларца, поликультурица, ламасталлин классика а, вайзаманан литература а цхьаьнайарца, тематикин а, жанрийн тайпа башх-башха хиларца догIуш ма-хиллара.

«Ненан (нохчийн) меттан литература» предмет Iаморо таронаш кхуллу дешархочун дешнийн база шорйан, церан къамелан культура, коммуникативни а, тайп-тайпана культурийн компетенцеш а кхио.

«Ненан (нохчийн) меттан литература» курсан чулацам хьажийна бу дешархойн нохчийн литературин хьашташ кхочушдан, уьш нохчийн къоман культурина тIекхиарехь а, шеца иза Iалашйарехь а ша-тайпана эстетикин гIирсаш хиларе терра.

Дешархошна дешар Iамор коьрта долчу декъана оьрсийн маттахь дIахьучу йукъардешаран учрежденешкахь ненан мотт санна нохчийн мотт Iаморехь, нохчийн литература – иза дешаран предмет йу, нохчийн къоман историх а, культурех а, ламастех а хаарш схьаэца а, довза а таро луш, иштта иза культурин ша-тайпана йаздархочун кхоллаоралла толлуш долу дакъа ду, кхечу кепара аьлча, шеца цхьаьна эстетикин гIуллакхдар а долу, йозанан къамелан гIуллакхдар ду; нохчийн литература тIехьажийна йу Iилманан агIонхьара дуьне довзарна а, иштта дешнийн кхолларалин говзарийн мотт бовзарна а, йешаран культурин йукъара башхаллаш карайерзорна а, литературин говзарех кхетарна а, дашца шен амал билгалйаккхарна а, иза, исбаьхьаллин литературас ша-тайпанчу маттахь дуьйций хаийтарх кхетам кхолла а, ткъа литературин мотт йукъарчу меттан шолгIа система санна бу, цо кхуллу личностан синхаамийн дакъа, цуьнгахь ойланца хIуманан кеп хIотто а, ассоциаци йало а, логически ойла йан а, дешаран предмет хьажийна йу оцу дешаран предметехула кхочушхуьлу тIаьхьенера тIаьхьене нохчийн, оьрсийн, дуьненан культурийн оьздангаллин а, эстетикин а ламасташ дIакховдор.

**«Ненан (нохчийн) меттан литература» дешаран предмет Іаморан Іалашонаш**

«Ненан (нохчийн) меттан литература» предмет Іаморо кхочушйан йеза рогІера Іалашонаш:

- нохчийн литературехь эстетикин агІонхьара кхеташ болу гуманистически дуьненхьежам, Россин йукъара гражданинан кхетам а, къоман синкхетам а, патриотан дог-ойла а йолуш, дукха къаьмнаш долчу Россин халкъех шен халкъ хиларх дозалла а хеташ йолу амал личностехь кхиор.
- нохчийн литература йовза лааран дог дар кхоллар, нохчийн къоман ширачу заманера схьайогІу культура мехалла хетар кхиор, дешархо шен къоман мотт а, культура а Іаморан кха тІе ваккхар, къоман културин тІаьхьалонна йукъавалор.
- къоначу тІаьхьенехь дІайахначуй, карарчуй, йогІур йолчуй заманийн уьйр ларйан йезаш хиларан кхетам кхиор а, нохчийн къоман культура ларйарехь жоьпалле хилар кхоллар;
- дукха къаьмнаш долчу Россин пачхьалкхехь личностана кхиаме социализаци а, ша шегахь стогалла кхиорна оьшу интеллектуале а, кхолларалин а таронаш кхиайар.

«Ненан (нохчийн) меттан литература» дешаран предмет тІехьажийна рогІера хьесапаш кхочушдан:

- тІаьхьенера тІаьхьене историко-культурни, оьздангаллин, гІиллакхийн мехаллаш дІакховдоран хьокъехь ненан меттан нохчийн литературин маьІнех кхетар;
- ненан меттан нохчийн литературин историца йолу уьйр къастор, нохчийн литературехь йолу къоман ша-тайпана синъоьздангаллин а, материальни а нохчийн къоман культурин исбаьхьаллин шорталлех кхетам кхоллар;
- Россин Федерацин кхидолчу къаьмнийн литературин контекстехь нохчийн литература а кхуьу хилам санна цунах хаарш эцар; уьш вовшийн эр;
- нохчийн литературина бухе диллина културин а, оьздангаллин а маьІна билгалдаккхар; йешначун хьокъехь мах хадош а, шена хетарг олуш а барта а, йозанца а къамел дан хаар;
- Іер-дахарехь а, дешаран процессехь а нохчийн литературех пайдаэца хаар кхоллар;
- шен мукъачу хенахь йешарна ханна план хІоттор, нохчийн маттахь шена хазахета йешаран говзарш мехала хетар къастор а, бух балор а;

- нохчийн литературин говзарш системехь йешарца дуьне довза а, дуьненахь ша дӀалоцу меттиг къасто а, адаман а, йукъараллин а йукъаметтигаллин гармонизаци латторан а хьашташ кхоллар;
- хаамийн хьостанашца болх бан хаар кхиор, Интернетера а, иштта кхийолчу хьостанашкара хаамашна презентаци йар а, кечйар а.

**Хьехаран планехь «ненан (нохчийн) меттан литература» дешаран предметан меттиг**

«ненан (нохчийн) меттан литература» предметан программа хlоттийна федеральни пачхьалкхан дешаран стандартан коьртачу йукъарчу дешаран программи буха тlехь, иза лерина йу дешаран 338 сахьтана. (5 кл. – 68 с., 6 кл. – 68 с., 7 кл. – 68 с., 8 кл. – 68 с., 9 кл. – 68 с.). Программин инвариантивни дакъош lаморна лерина 296 сахьт ду.

**«ненан (нохчийн) меттан литература» дешаран предметан чулацам**

Дешаран предметан чулацамо шена йукъалоцу литературин говзарийн а, церан авторийн а гайтар, иштта тематикин блокаш а: «Халкъан барта кхолларалла», «Нохчийн йаздархойн говзарш», «Кхечу къаьмнийн литература».

## Тематикин блокаш

**5 класс**
**Халкъан барта кхолларалла**

Нохчийн халкъан туьйранаш:
«Кхо ваша».
«Тамашийна олхазар».
«Кхо ваша а, саьрмик».
«Доьшуш хилла кӀант».
«Барзо Іахарца мохк къовсар».

Фольклоран кегий жанраш: кицанаш, хIетал-металш.

**<u>Нохчийн йаздархойн говзарш</u>**

**Литературин туьйранаш**

Б. Саидов «Майра кIант Сулима» (дацдина).

М. Мусаев «ЦIен маьхьси».

С. Гацаев «Чкъоьрдиг» (дацдина).

А. Исмаилов «Бирдолаг».

**XX бIешаран литература**

С. Бадуев. «Зайнди».

М. Мамакаев. «Баппа».

I. Мамакаев. «Садаьржаш».

М. Сулаев. «Ламанан хи.

I. Гайсултанов. «Кегий йийсарш» («Александр Чеченский» повесть йукъара дакъа).

А. Сулейманов. Стихотворени «Борз ю угIуш».

Х. Саракаев. «Баьпкан чкъуьйриг».

Окуев Ш. «Лаьмнашкахь суьйре». («Лаьттан дай» гулар йукъара).

I. Ахмадов. «Къонахалла».

Ш. Арсанукаев. «Баьпкан юьхк».

Д. Кагерманов. «ДоттагIалла».

Х. Сатуев. «Лаьмнийн къоналла».

Ж. Махмаев. «Буьйсанан гIулчаш».

В.-Хь. Амаев. «Малх чубаре хьоьжура иза».

Дикаев М. «БIаьстенан аматаш».

Берийн журнал «СтелаIад»: журналан специфика, жанраш, рубрикаш, тексташца болх бар.

**XXI бIешаран литература**

Ш. Рашидов. «Нана-Нохчийчоь».

М. Бексултанов. «Ца кхетта хестор».

А.-Хь. Хатуев. «Нохчийн мотт».

С. Мусаев Рассказ «Хьайбанан чам».

М. Ахмадов. «Ушурма волчохь, хьошалгIахь».

**Кхечу къаьмнийн литература**

М. Лермонтов «Кавказ» (гочйинарг Сулаев М.).

**6 класс**

**Халкъан барта кхолларалла**

«Нарт-орстхойн паччахь Наураз».

«Ницкъ болу Солса».

«Гермачигара наьрташ».

«Наьрт-аьрстхой кхерор».

**<u>Нохчийн йаздархойн говзарш</u>**

I. Гайсултанов «Нийса кхиэл».

Х. Сатуев «Ломмий, цхьогаллий».

Х. Ошаев «Чайра».

I. Мамакаев. «Дагалецамаш».
Х. Сайдуллаев. «Ненан бІаьрхиш».
М. Сулаев.«КІанте».
Х. Эдилов. «Ненан безам».
А. Джунаидов «Белхи».
А. Айдамиров. «Вина мохк».
Р. Ахматова. «Ма хала ду цунах кхета».
Х. Саракаев. «Ирсе бІаьрхиш».
Ш. Арсанукаев. «Мохкбегор».
Ш. Окуев. «БІаьсте».
М. Кибиев. «Меттан сий».
М. Дикаев «Сан бахам».
Ш. Рашидов. «Ломара цІе».
Э. Мамакаев. «ХІорд».
Ж. Махмаев. «Іаьржачу баьпкан юьхк».
С. Дакаев «ТІамех ловзар».
М. Бексултанов. «Некълацар».
М. Ахмадов. «Телефон».
С. Мусаев «Даймахке боьду некъ» .
С. Курумова «Шовданехь» .

**Кхечу къаьмнийн литература**

Важа Пшавела. «Хьозалдиг».

**7 класс**

**Халкъан барта кхолларалла**
«Дади-юрт».
«Нохчийн шира илли».
«Сай» (халкъан илли).

**<u>Нохчийн йаздархойн говзарш</u>**

М. Мамакаев «Даймехкан косташ».
Б. Саидов. «Вина юрт», «Деган аз».
I. Мамакаев. «Берзан бекхам».
Х. Ошаев. «Иччархо Абухьаьжа Идрисов».
А. Сулейманов. «Шуьнехь дош».
I. Гайсултанов. «Болат-гIала йожар»(дацдина).
А. Айдамиров. «МухIажарш».
Ш. Арсанукаев «Иманах дузийта дегнаш».
М. Кибиев. «Дош».
А. Джунаидов А. «ХIоьънаш».
С. Гацаев. «Дарц».
А. Кусаев. «Амалехь диканиг».
Ш.Рашидов. «Ден весет».
М. Дикаев. «Нохчо ву со».
С. Дакаев. «Куйно хотту».
I. Шайхиев. «ЧIагIо».
А. Бисултанов. «Хьайбахахь язйина байташ».

В-Хь. Амаев. «Генарчу денойн туьйра».
С. Курумова. «Дохк» / (дакъа).
Ш. Окуев. «Сан хьоме Нохчийчоь».
С.-Хь. Нунуев «Юнус».
М. Бексултанов «Генара а, гергара а денош».
М. Ахмадов «Кхаа вешех туьйра».

**Кхечу къаьмнийн литература**

А. С. Пушкин «Іаьнан Іуьйре» (гочийнарг А. Сулейманов).
Альфонс Доде «ТІаьххьарлера урок».

**8 класс**

**Халкъан барта кхолларалла**

«Таймин Биболатан илли».
«Эвтархойн Ахьмадах илли».

**<u>Нохчийн йаздархойн говзарш</u>**

Бадуев С. «Олдум».
М. Мамакаев. «Лаьмнийн дийцар».
М. Сулаев. «Цавевза доттагІ».
А. Сулейманов. «Дог дохден цІе»; «Дахаран генаш».

I. Хамидов. «ДӀа – коч, схьа – коч».
Ш. Арсанукаев. «Тимуран тур».
I. Шайхиев. «Дарцан буса».
М. Ясаев. «Тянь-Шанан лаьмнашкахь» (дакъа).
С. Яшуркаев. «МаьркӀаж-бодан тӀехь кӀайн хьоькх» (йацйина).
Л. Абдулаев. «Маьлхан каш».
М. Бексултанов. «Дика ду-кх хьо волуш»; «Дари».
А. Бисултанов. «ДегӀаста»; «Халкъан илланчина».
С. Гацаев. «Кавказ»; «БӀаьстенца къамел».
Я. Хасбулатов. «Дош» «Стаг хилла ваьллахь хьо ара».
М. Ахмадов. «Лаьтта тӀехь лаьмнаш а хӀиттош».
Сатуев Х. «Нашха».

**Кхечу къаьмнийн литература**

Ладо Авалиани. «Хьаькхна буц».

**9 класс**
**Халкъан барта кхолларалла**

Турпалаллин иллеш «Теркаца хьала-охьа вехаш хиллачу Эла Мусостан, Адин Сурхон илли».
«Таркхойн кӀентан, Жерочун кӀентан, Жумин Акхтулин илли».
Туьйранаш, шира дийцарш, аларш.
Шира дийцарш «Къиза Ӏадат», «Шотойн Аьстамар», «Исмайлин Дуда» Кицанаш, хӀетал-металш. Назма/ Динан поэзин жанр (жанрашка хьажар).

**<u>Нохчийн йаздархойн говзарш</u>**

Нохчийн литературин бухбиллархойн (йаздархойн) кхолларалла:
I.Дудаевн, М. Сальмурзаевн, I. Нажаевн, Ш. Айсхановн. Поэзига, прозига хьажар.
Ш. Айсханов «Мало-хало».
С. Бадуев. «Бешто».
Сийлахь-боккхачу Даймехкан тIамах лаьцна говзарш.
I. Мамакаев «Дерриге а тIамна», «Даймехкан тIом болчохь», очерк «Турпалчу танкистан доьзал».
М. Мамакаев «И йоьлхуш яц», «КIиллочунна».
М. Сулаев «ГIовтта», «Малх тоьлур бу».
Х. Эдилов «Суьрте», «Кавказан аьрзу», «ТIемало – хьуна».
I. Мамакаев. «Кавказа латта», «ЙоIе», «Даге», «Сайн кIанте», поэма «Нохчийн лаьмнашкахь».
А. Айдамиров «КIант веллачу дийнахь» (дийцар).
М. Сулаев. «Сай»; Сох муха эр ду адам», «ДоIа», роман «Лаьмнаша ца дицдо» (кортош).
I.-Хь. Хамидов. «Лийрбоцурш».
С. Гацаев. «Буьйса хаза, буьйса тийна», «БIаьсте кхечи», «ХIай, йоI, делхьа, собарде».
Н. Музаев. «Селима дуьйцу».
С. Курумова «Жарманан некъ».
М. Мусаев «Таймин Бийболат»(роман йукъара кийсакаш).
Р. Супаев. «Вайнехан халкъан иллеш», «Буьйса йу беттасе».
Х. Талхадов. «Шийла дарц цIевзинчохь»,«Сан ненан маттахь ас язйо».
Ш. Окуев «Лайн тIехь цIен зезагаш» (роман йукъара кийсакаш).
М.-С. Гадаев «Даймехкан лоьмашка», «ДоттагIашка».
И. Эльсанов «КIайн коч».

М. Ахмадов «Дечиган тайнигаш».
М. Бексултанов «Сан вешин тIехьийза йоI».
Б. Гайтукаева «Зама», «Хьан цIийнах йара-кха со, Нохчийчоь, хьан цIийнах йара».
М. Айдамирова. «Лаьмнийн хIайкал» (кийсак).
А. Ахматукаев «Машаран хIайкалш» (Айдамирова Машаран «Лаьмнийн хIайкал» романах лаьцначу статьян кийсак).

**Кхечу къаьмнийн литература**

М.Ю. Лермонтов «Валерик» (кийсак).

**Экскурсешна магийна музейш**

Нохчийн литература хьоьхуш, дешархошна хIара литературни музейш йовзийтар магийна:
Айдамиров Абузаран музей-цIа (Меската).
Мамакаев Iаьрбин музей (Лаха-Невре).
Мамакаев Мохьмадан музей-цIа (ТIехьа-Марта).
Гадаев Мохьмада-Салахьан музей (Ножай-йарт).
Сулейманов Ахьмадан музей (Олхазар-кIотар).

**Дешаран-методически комплект**

I. Йуккъерчу йукъардешаран ишколашна лерина нохчийн литературин 1аматаш:
1. С.Э.Эдилов:  5-7 классашна;
2. М.Ахмадов, З. Алиева: 8 классана;
3. I.Арсанукаев, С.Эдилов: 9 классана.
II. Нохчийн литературин  lаматашна методически хьехамаш.

III. Тайп-тайпана teкcташ, тесташ.
IV. Дешаран дошамаш.
V. Белхан тетрадаш.

**«Ненан (нохчийн) меттан литература» дешаран предмет карайерзоран кхочушдан лору жамIаш**

Коьртачу школехь «Ненан (нохчийн) меттан литература» дешаран предмет Iамор хьажийна ду дешархой рогIера личностни а, метапредметни а, предметни жамIашка кхачарна.

**Личностни жамIаш**

«Ненан (нохчийн) меттан литература» предметан белхан программин личностни жамIаш коьртачу йукъарчу дешаран тIегIанехь кхочушхуьлу дешаран а, кхетош-кхиоран а болх дешаран организацехь цхьаьна дIабахьарца. Болх дIабахьар кхочушдо Россин социокультурни а, синъоьздангаллин а ламасталлин мехаллашца догIуш ма-хиллара. И мехаллаш йукъараллин бакъонаша къобалйина тIе а эцна, цара аьтто бо шен дуьне довзар а, ша шен кхетош-кхиор а лакхадаккхарехь.

«Ненан (нохчийн) меттан литература» предметан белхан программа карайерзоран личностни жамIаш коьртачу йукъарчу дешаран тIегIанехь декхарийлахь ду дешархошна, дикачу мехаллех пайда а оьцуш, куьйгалла а хилла дIахIитта, шайн гIуллакхдарехь гулдина зераш шордан а, церан буха тIехь кхетош-кхиоран гIуллакхдаран хьежамаш кхолла а, цу йукъахь кху декъахь а:

**граждаталла кхетош-кхиоран:**

гражданинан декхарш а, цуьнан бакъонаш а кхочушйан кийча хилар, бакъонаш а, машар а, кхечу адаман законан бакъонаш ларар; доьзалан, йукъарчу коьртачу дешаран программаш кхочушйечу дешаран организацин, меттигерчу йукъараллин, хьомсарчу мехкан, пачхьалкхан дахарехь жигара дакъалацар; цхьана а кепара экстремизм, дискриминаци тIецалацар; адаман дахарехь тайп-тайпана социале институташа дIалоцу меттигах кхеташ хилар; гражданинан коьртачу бакъонех, машарх, декхарх лаьцна хьежам хилар, социале нормаш а, личностни йукъаметтигаллин бакъонаш а йовзар; коррупцина дуьхьало йан кийча хилар; тайп-тайпана гIуллакхдар нахаца цхьана дан хууш хилар, дешархойн шаьш дечу

урхаллехь дакъалаца кийча хилар, гуманитарни гІуллакхаллехь (волонтералла, нахана гІо дар,) дакъа лоцуш хилар а.

**патриотийн кхетош-кхиоран:**

дуккха а къаьмнаш долчу йукъараллехь Россин гражданин хилар дозалла хетар, ненан мотт Іамор, Россин Федерацин а, шен къоман а, Россин къаьмнийн а истори, культура йовза лууш хилар, шен Даймехкан мехаллаш доккха хІума хеташ хилар: Іилманан, искусствон, спортан, технологин, тІеман а, белхан а хьуьнарш мехала хетар; Россин символаш, пачхьалкхан деза денош, исторически а, Іаламан тІаьхьалонаш, памятникаш, хьомечу пачхьалкхехь дехачу къаьмнийн ламасташ ларар. синъоьздангаллин кхетош-кхиор: синмехаллаш харжа оьшучохь а, оьздангалла харжа эшар нисделлачу хьолехь а нийса харжам бар, шен леларан нийса мах хадо хаар а, нехан леларан мах хадо хаар а, харц леларшна резацахилар; личность индивидаца а, йукъараллица а маьрша, жоьпалле хилар.

**синъоьздангаллин кхетош-кхиоран:**

искусствон башх-башха тайпанаш а, шен къоман а, кхечу къаьмнийн а ламасташна, кхоллараллина а битаме хилар, искусствон синхааме тІеІаткъамах кхеташ хилар, исбаьхьа культура ладаме хетар, Даймехкан а, дуьненан искусствон мехаллех кхеташ хилар, этносийн культурин ламасташ а, халкъан кхоллаpалла а маьІне хетар, тайп-тайпанчу искусствошкахь шен меттиг каро хьажар а.

**физически кхетош-кхиоран, могашаллин культура а, синхаамийн хьал а кхиоран:**

дахаран мехаллех кхетар, шен могашалла ларйар, могашалла ларйеш дахар нисдар (пайде хІума йаар, гигиена ларйар, садаІаран а, белхан а хенан раж ларйар, спорте лелаш йа физкультура йеш хилар); вуон хІуманаш лелор дитар (къаьркъа малар, наркотикаш лелор, тонка озар), иштта кхийолу дегІан а, синан а могашалла талхош йолу хІуманаш цалелор; кхерамазаллин бакъонаш ларйар, иштта интернет-машанашкахь а кхерамазаллин бакъонаш ларйар, стресс хила тарлун хьелашна марзвалар, хийцалучу социале а, хаамийн а, Іаламан а хьелашна а кийча хилар, иштта цу хьокъехь шен дахаран зерех пайда а оьцуш, кхин дІа а шен Іалашонашка дІаэхар;

шена а, кхечарна а бехк билла сиха цавалар;

шен синхааамаш шегахь сацо хаар, кхечеран синхаамийн хьолах кхетар;

стаг гІалат волуш хуьлуш хилар хаар а, шен гІалаташ тІелаца хаар, уьш нисдан деза хьажа везар.

**къинхьегаме кхетош-кхиоран:**

хьалхахIиттийна декъарш кхочушдан Iалашонца жигара дакъалацар (доьзалехь, гIалин, кIоштан йукъардешаран дешаран организацехь), йукъараллин а, технологически а гIуллакх а, болх а дIаболо, дIахIотто хаар, тайп-тайпана гIуллакхаллин план хIотто а, иза кхочушйан а Iамар, тайп-тайпана къинхьегаман корматаллаш Iамор, корматаллин йукъараллехь дIатарвала, ваза.

**экологин кхетош-кхиоран:**

йукъараллин а, Iаламан а, Iилманийн а хааршна тIе а тевжаш, гонахьарчу Iаламан хьокъехь хьалхахIуьтту хьесапаш кхочушдан, гонахьарчу Iаламан пайдехь хин долу гIуллакхаш дIадахьа план хIоттор, экологин культурин тIегIа лакхадаккхар, экологин кIорггера проблемаш йовзар, уьш кхочушйан некъаш лахар, гонахьара Iалам бехдийр долу белхашна дуьхьал жигара дакъалацар, Iаламан, технологин, йукъараллин йукъарлехь зIе латтош волу гражданинан маьIна довзар, экологин хьежамашна лерина гIуллакхаллехь жигара дакъалацар.

**Iилманан мехаллех кхетам:**

вайзаманан Iилманан системехь адам а, Iалам а, йукъаралла а кхиар толлучу хьежамашна тIе а тевжаш, адаман Iаламца а, йукъараллица а йолу зIенаш а, дуьне довзаран гIирс санна меттан а, йешаран а культура карайерзор, талламаш бар Iамар, талламийн зерийн ойла йар, талламаш ша а, коллективана а йукъахь дIабахьар.

Йукъараллин а, Iаламан а хийцалучу хьелашна дешархо марзварехь кхачойеш йолу личностни жамIаш:

Доьшучара йукъараллин зераш карадерзор, шен хене хьаьжжана йукъараллехь леларан бакъонаш, норманаш, йукъараллин дахаран кепаш, тобанашкахь, йукъараллашкахь а, цу хьокъехь доьзалехь нийса леларан коьрта йукъараллин меттиг къасто хаар;

билгалдоцу хьелашкахь, кхечеран зерашна, хааршна виллина хиларца доьшучаьргахь зIе латторан хьуьнар хилар;

билгалдоцу хьелашкахь, шен компетенци тIегIа лакхадаккхаран хьуьнар кхиор, ткъа иза кхочушдалур ду практически гIуллакхехула а, цуьнца цхьаьна кхечу адамашка а хьоьжуш Iамар, церан керлачу хааршна тIекхиар;

васташ билгалдахар а, уьш вовшахъэр, керла хаарш карадерзор, цуьнца цхаьна идейн, кхетамийн формулировка йан хаар, объектех, хиламех гипотезаш кхолла хууш хилар, шен хаарийн дефицитех кхетар, шен компетенцин тIегIа довзар,

шен кхиаран план хIотто хаар;

коьртачу кхетамех, терминех, чIагIделлачу кхиаран концепци декъехь болчу кхетамех оьшург къасто хаар;

Iаламца, йукъараллин, экономикин йукъаметтиган анализ йар, и йукъаметтигаш къастор;

гонахьарчу Iаламан бечу тIеIаткъамна чот а йеш, Iалашонашна тIекхочуш а, декхарш кхочушдеш а, шен гIуллакхийн, белхийн мах хадо хаар;

дешархошкахь стрессийн ситуацешкахь боха ца боха Iамор, хуьлучу хийцамийн а, церан тIаьхьенех нийса мах хадо Iамор, стрессийн ситуацешна дуьхьало йан йезаш хилар, стрессийн ситуацин мах хадо хаар, йуьхьарлаьцна гIуллакхашна, хьелашка хьаьжжина, корректировка йан хаар, йуьхьарлаьцначу гIуллакхехь кхиамаш ца хилахь а, воха а ца вухуш, кийча хилар.

## Метапредметни жамIаш

**Дешаран универсальни довзаран дараш карадерзор:**

**Коьрта маьIнийн дараш:**

объектийн (хиламийн) билгалйолу билгалонаш Iорайахар а, къастор;

классификацин ладам боллу билгалонаш а билгалйаха, йечу анализан жамI даран а, дустаран а. критерешна а бух бало;

хьалха хIиттийнчу декхаршка хьаьжжана, къастайечу факташкахь хила догIурш а, бIостанехь дерг а билгалдаккха, тергоне эцнарш гайтийта а, хила догIурш а, бIостанехь дерг а Iорадаккхаран критереш йало;

хьалхахIоттийнчу декхарна оьшучу хаамийн дефециташ къастор;

хиламаш а, процессаш а Iаморехь бахьанин-талламан уьйраш къастор, дедуктивни а, индуктивни а ойланехь сецначарах пайда а оьцуш жамI дар, аналогица догIуш ойланехь сецначун жамI дар, вовшашца уьйр йолчарах гипотезийн формулировка йар;

дешаран шардаран кхочушдан шен лаамехь некъ лахар (масех вариант вовшах йустар, уггаре гIолехь йерг харжархьама).

**Бухера талламан дараш:**

довзаран талламан гIирс санна хаттарех пайдаэцар;

догIуш доллу хаттарш хIиттор, шен лаамехь лоьхучу хаамашна жоп лахар;

шена хетачух лаьцна гипотезин формулировка йар, шен хетачун аргументаци йалор;
ша хIоттийнчу планаца талламаш бар, чолхе йоцу эксперимент дIайахьар, талламан объектан башхаллаш билгалйахар, объектийн йукъара бахьанин-талламан уьйраш къастор
Таллам барехь (экспериментехь) схьахиллачу хаамийн бакъхиларх пайдэцаран мах хадор;
дIабаьхьначу талламийн хиллачу зерийн жамIийн ша формулировка йар, хиллачу жамIийн бакъхиларан мах хадоран гIирс бевзаш хилар;
процессаш, хиламаш, церан тIаьхьалонна хила тарлучу кхиаран прогноз йар, ишттачу а, царах терачу ситуацешкахь шен хетарг къасто, керлачу хьелашкахь а, контекстехь а церан кхиаран хетарг хьалха таттар;
**Информацица болх бар:**
хьалха хIиттийна дешаран декхарш а, т1ейихкина критереш а кхочушйан хьостанашкара информаци, хаам лохуш тайп-тайпана некъех, гIирсех пайдаэца,
харжа, анализ йан, системизаци йан, башх-башха информацин тайпанийн, гайтаран кепийн интерпретаци йан,
цхьаьна йогIу аргументаш лаха (цхьа верси, идей бакъйеш йа харцйеш), шен лаамехь информаци дIагайта йогIуш йоллу кеп харжа, чолхе йоцучу схемашца, диаграммашца, йа кхечу кепара графикица кхочушдечу шардаран иллюстраци йан;
хьехархоша къастийнчу критерешца, йа шен лаамца формулировка йина информаци тешаме хилар къасто;
информаци эвсаре дагахь латто а, системизаци йан а.
**Дешаран универсале, коммуникативе дараш карадерзор:**

**Къамел дар:** хетачух кхета а, хетачун формулировка йан, Iалашоне а, къамел даран хьелашка хьаьжжана, эмоцеш гайтар, шена хетарг барта аларца а, йозанан текташкахь а дIагайта, къамел даран невербале гIирсаш бовза, социале билгалонийн маьIнех кхетар, Iотбаккхаме хьелаш кхуллу таронаш йовза, Iотбаккхамаш кIадбан, бартбан, кхечеран Iалашонех кхеташ хила, шеца къамел дечуьнца ларам хила, оьздачу кепехь шена нийса цахетачун формулировка йар, къамел дечу йукъана догIуш долу хаттарш хIиттор, шен лаамехь къамел даран формат харжа, аудиторин башхалле хьаьжжана, къамелана презентаци йан, цуьнга хьаьжжана барта а, йозанан а текстийн гайтаран материал хIоттор.

**Шен лаамехь гIуллакх дIадахьар:** билггал йолу проблема кхочушйеш болх ша беш а, йа тобанна йукъахь беш а гIолехь долчуххета а, пайдаэца а, хьалха хIоттийна Iалашо кхочушйарехь тобанца кхочушйан йезаш хиларан бух бало, цхьаьна дечу гIуллакхан Iалашо тIеэца, и кхочушйан дараш тобанца билгалдаха, шайна йукъахь болх дIасхьабекъа, бартбан, процесс а, жамIаш а дийцаре дан, масех адамна хетачун йукъара маьIна даккха, куьйгалла дан кийча хила, тIедилларш кхочушдан, муьтIахь хила, цхьаьна бечу белхан дIахIоттаран план хIотто, цу балха йукъахь хIораннан меттиг къасто, белхан Iалашонаш вовшашна йукъахь, хIораннан тароне хьаьжжана, дIасхьайекъа, тобанан декъашхошца белхан Iалашонаш йийцаре йан, шен белхан дакъа кхочушдан, ша бинчу белхан мехалла къасто, белхан йуьхьца кхочушхилла долу жамI дуста, белхан жоьпалле дакъа схьаэца, тобанна хьалха жоп дала кийча хила.

**Дешаран универсале, регулятиве дараш карадерзор:**

**Ша шен къепе хIоттор:** дахаран а, дешаран а хьелашкахь нислун проблемаш къасто, сацам тIелоцуш тайп-тайпана некъаш билгалбаха, шардар кхочушдан шен лаамехь алгоритм харжа, дешаран шардар кхочушдан некъ харжа, ша кхийдайечу варианташна аргументацеш йало, Iамочу объектех хиъначу керлачу хаарийн хьесап а деш, кхийдайечу алгоритмана корректировка йан, харжам бан, бинчу сацамна жоьпалле хила.

**Ша шен терго латтор:** ша шена терго латторан некъаш карадерзо, ша шена мотиваци йан, хьолана богIуш боллу мах хадо, хьал хийца план кховдо, дешаран шардар кхочушдеш, халонийн контекст лара а, халонашна сема хила, хийцалучу хьелашка хьаьжжана, шен сацамна адаптаци йан, кхочушхиллачу (кхочуш ца хиллачу) жамIийн бахьанаш кхето хаа, хиллачу зерийн мах хадо, хиллачу хьолехь пайде дерг къасто, керлачу хьелашка хьаьжжана, гIуллакхаллин йукъа коррективаш йало, гIалаташ къасто, Iалашонан а, хьолан а жамIца богIу мах хадо.

**Эмоциале интеллект:** шен а, кхечеран а эмоцеш къасто а, йийца а, царна урхалла дан, эмоцеш билгалйаха, эмоцеш хиларан бахьанин анализ йан, ша кхечу стеган метта хIотто, кхечун бахьанех, Iалашонах кхета, эмоцеш гайтаран некъан урхалла дан.

**Шех а, кхечарах а кхетар:** кхечу стагах кхета, цуьнан хетачун ойла йан, гIалат вала / йала шен бакъо хила, изза бакъо кхечун йуйла хаа, ша долу хIума тергонехь латто йиш йоций хаа.

**Предметан жамIаш**

«Ненан меттан (нохчийн) литература» дешаран предметехула йолчу герггарчу белхан программа карайерзоран предметан жамIаша гайта деза:

1) кхин дIа шен кхиарехь ненан меттан литература йешаран а, Iаморан а ладамаллех кхетар; хIокху дуьнен чохь ша вовзаран а, дуьнедовзаран а гIирс санна систематически йешар оьшуш хиларан хьашташ кхоллар, адаман а, йукъараллин а йукъаметтиг тайар, массо а агIор диалог йар;

2) ненан меттан литература халкъан къоман-културин коьрта мехаллех цхьа мехалла хиларх, дахар довзаран ша-тайпа некъ хиларх кхетар;

3) культурин самоидентификаци латтор, шен къоман культурин тоьлла говзарш Iаморан буха тIехь ненан мотт Iаморан коммуникативни-эстетикин таронех кхетар;

4) шен хетарг аргументашца дIаала а, говзачу дашца барта а, тайп-тайпанчу жанрашкахь йозанца а, оьздангаллех вуьззина квалифицированни дешархо кхиор, цуьнгахь, хIуманан хьесап доккхуш, къамел дан Iамор, йешнарг йийцаре йечохь дакъалацар, шен йешаран мукъачу хенан план хIоттор;

5) тайп-тайпана этнокультурин ламасташ гойтуьйту литературин исбаьхьаллин говзарех кхетар Iамо кхиор;

6) Iилманан а, гIуллакхан а, публицистикин а литературех исбаьхьаллин литературин башхаллаш къасто Iамар, йешначун критически мах хадо а, анализ а говзалла кхоллар, литературин говзарехь гайтина дахаран исбаьхьаллин дуьненах кхетар;

ЖамI: доьшуш верг кхета йешаран маьIналлех а, ладамаллех а, йешарна а марзло, тайп-тайпана говзарш йешаран зедалар хуьлу.

Нохчийн литература халкъан къоман-културин коьрта мехаллех цхьа мехалла хиларх, дахар довзаран ша-тайпа некъ хиларх кхетар

ЖамI: доьшуш верг кхеташ хуьлу нохчийн литературехь къаьста нохчийн къоман менталитет, цуьнан истори, дуьненах кхетар, литературо адаман дахаран оьшу коьрта маьIнаш довзуьйтий а.

Нохчийн фольклоран а, кхечу халкъийн фольклоран а, XX бIешаран нохчийн йаздархойн, XXI бIешаран йуьххьерчу йаздархойн литературин а, Россин халкъийн литературин а Iамийнчу говзарийн коьртачу проблемах кхетар, литературин вастех кхетар, эстетически хьежам кхоллар, литературин исбаьхьаллин васташ кхуллуш долчу меттан гайтаран гIирсаш бевзаш хилар, оьздангаллехь ша къастор, Россин халкъан культурин говзарийн а, нохчийн халкъан культурин а, дуьненан кхечу къаьмнийн, дуьненан культурин а говзарш Iаморехь нохчийн меттан таронаш кIезиг цахиларх кхетар а.

ЖамI: адамийн йукъара проблемаш йовзарехь зедалар хуьлу доьшуш волчунна, нохчийн литературин меттан таронех пайдаоьцуш, и проблемаш йийца а Iема.

Литературин говзаршна анализ йан хаар, уьш муьлхачу жанрийн тайпанех йу къасто хаар, литературин говзаран теманах а, идейх а, гIиллакхе пафосах кхета а, кхолла а, турпалхойн амалш билгалйаха, цхьана йа масех говзарийн турпалш вовшашца дуьхьалхIотто, teксташна йукъара цитатех а, нохчийн меттан суртхIотторан гIирсех а пайдаоьцуш, прозийн говзарийн йа церан дакъош схьадийца хаар, ладоьгIначу а, йешначу а текстех лаьцначу хаттаршна жоп далар, тайп-тайпанчу аларийн барта монолог йан, диалог дIайахьа, нохчийн литературин шена хета мах хадор, шен хетарг аргументашца дIаала а, говзачу дашца барта а, тайп-тайпанчу жанрашкахь йозанца а, оьздангаллех вуьззина квалифицированни дешархо кхиор, цуьнгахь, хIуманан хьесап доккхуш, къамел дан Iамор, йешнарг йийцаре йечохь дакъалацар, шен йешаран мукъачу хенан план хIоттор;

ЖамI: доьшуш волчунна карадоьрзу литературин говзарийн анализ йар а, интерпретаци йар а, къамелаца и дIахIотто а, шена хетачунна аргументаци йан а, шениг чекхдаккха хаа а, ша йеша леринчу литературин го къасто а.

Тайп-тайпана этнокультурин ламасташ гойтуьйту литературин исбаьхьаллин говзарех кхетар Iамо кхиор; литературин говзарийн эпохаца йолу зIенех кхетар, цо шена чукъуьйлу оьздангаллин мехаллаш билгалйахар, нохчийн а, оьрсийн а литературин, культурин синъоьздангаллин мехаллашна тIаьхьа вазар/йазар а, Iамийнчу литературин говзаршна шениг (цкъацкъа) интерпретаци йар.

ЖамI: доьшуш верг Iема нохчийн литературин а, нохчийн матте гочйинчу а говзарех кхета.

Тайп-тайпана литературин жанрийн говзарш барта схьайийцарх кхетар а, Iамийнчу говзарийн тематикица йоьзна сочиненеш а, изложенеш а йазйар, кхолларалин цIеран белхаш а йаздар а, литературин а, культурин а теманашна

рефераташ йазйар, говзаршкахь сюжетан элементаш, композици, исбаьхьаллин васташ кхуллуш долчу меттан гайтаран гӀирсаш къастор а, говзаран идейн-исбаьхьаллин чулацам беллрехь долчу церан маьӀнех кхетар (филологин агӀонхьара анализ йаран элементаш), литературин говзаран анализ йарехь литературоведчески терминологи йевзаш хилар, авторан позицех кхетар, Ӏилманан а, гӀуллакхан а, публицистикин а литературех исбаьхьаллин литературин башхаллаш къасто Ӏамар, йешначун критически мах хадо а, анализ а говзалла кхоллар, литературин говзарехь гайтина дахаран исбаьхьаллин дуьненах кхетар.

ЖамӀ: доьшуш волчо карадерзадо, маьӀна а доккхуш, диканиг къастош, йешар, текстах кхета, кхечу тайпанийн текстех къасто Ӏема, интеллектуальни ойла йарца йешаран хьокъехь хиллачу дуьххьарлера синхаамашка йухахьажар.

**Классийн предметийн жамӀаш**

**5 класс:**

- Россин кхидолчу къаьмнийн культурещца йолчу диалоган контекстехь нохчийн къоман оьздангаллин мах хадо таро лун нохчийн халкъан а, литературин а туьйранийн, кицанийн проблематика билгалйаккхар, говзаршкахь Даймахках а, Ӏаламах а лаьцна чукъуьйлу ойланехь нохчийн къоман культурин а, оьздангаллин а коьртачу мехаллех кхетар.
- Россин къаьмнийн культурийн контексташкахь нохчийн фольклоран а, литературин а, культурин а хазнех йуьхьанцара сингар хилар, говзаршкахь доьзалийн мехаллашкахь къаьстачу нохчийн халкъан ламастех кхетам хилар;
- нохчийн халкъан амалх а, нохчийн меттан а, къамелан а башхаллех йуьхьанцара кхетам хилар;
- тӀехьажадечу хаттарийн буха тӀехь фольклоран а, литературин а текстан маьӀнин анализ йан хаарш хила; хьехархочун куьйгаллица хаттаршна жоьпаш лучу форматехь историко-культурин комментареш а, шен тексташ а кхолла, исбаьхьаллин искусствон говзарш кхечу искусствон говзаршна дуьхьалхӀитто а, шен пайдехь хин йолу говзарш харжа Ӏама.
- проектни-талламан гӀуллакхаллин хьокъехь йуьхьанцара сингар хила, цуьнан жамӀаш и дӀадовзийта а, тайп-тайпана информацин хьостанашца болха бан хаарш хила а.

**6 класс:**

- Кхидолчу тайп-тайпана къаьмнийн турпалаллин эпосца йолчу диалоган контекстехь нохчийн къоман оьздангаллин мах хадо таро лун нохчийн иллин (эпически эшарийн), наьрт-аьрстхойн дийцарийн, туьйранийн а, нохчийн литературин проблематика билгалйаккхар, тематикин а, проблематикин а, вастийн а тӀегӀанехь царна йуккъехь зӀе таса;
- Даймехкан Ӏаламах а, Даймахках а лаьцначу говзаршкахь нохчийн къоман синкхетаман коьрта культурин а, оьздангаллин а мехаллаш йовзар;
- Даймахках а, нохчийн доьзалх а лаьцначу говзаршкахь Россин къаьмнийн культурийн контексташкахь нохчийн литературин меттиг къасто хууш хила.
- нохчийн къоман амалх, «йахь», «сий», «Даймохк безар», «баккхийнаш ларар», царах терра долу нохчийн къоман гӀиллакх-оьздангаллин координатех долу кхийолчу мехаллех а, нохчийн меттан а, ненан меттан къамелан хазнех йуьхьанцара кхетам хила,
- тӀехьажадечу хаттарийн йа кховдайечу плана буха тӀехь фольклоран а, литературин а текстан маьӀнин анализ йан хаарш хила, хаттаршна жоьпаш лучу форматехь историко-культурин комментареш а, шен тексташ а кхолла, поэтически текстан анализ йан а, турпалхочун амал къасто а, хьехархочун куьйгаллица, исбаьхьаллин искусствон говзарш кхечу искусствон говзаршна дуьхьалхӀитто а, шен пайдехь хин йолу говзарш харжа Ӏама.
- проектни-талламан гӀуллакхалла дӀадахьа йуьхьанцара говзалла хила, цуьнан жамӀаш дӀадовзийта а, тайп-тайпана информацин хьостанашца болха бан коьрта хаарш хила а, царна презентаци йан говзалла хила а.

**7 класс:**

- нохчийн халкъан эшарийн (исторически, лирически) проблематика билгалйаккха, ша-тайпана башхаллех кхета, нохчийн халкъан оьздангаллин мах хадорехь нохчийн литературин фольклоран сюжеташ а, мукъамаш билгалбаха,

Даймехкан Ӏаламах а, Даймахках а лаьцначу говзаршкахь нохчийн къоман синкхетаман коьрта культурин а, оьздангаллин а мехаллаш йовзар;

- Даймахках а, нохчийн доьзалх а лаьцначу говзаршкахь Россин къаьмнийн культурийн контексташкахь нохчийн литературин меттиг къасто хууш хила.
- нохчийн къоман амалх а Даймохк ларбарх лаьцна йолчу говзаршкахь нохчийн патриотизман бухах а, доьналлех а,

баккхийчеран проблемех а, нохчийн меттан а шатайпаналлех кхетам хила;

- кховдайечу плана буха тӀехь фольклоран а, литературин а текстан маьӀнин анализ йан хаарш хила, исбаьхьаллин текст йешархочунна, вайзаманхочунна авторо беш кхайкхам санна лара, турпалхойн васташ дустаран форматехь историко-культурин комментареш а, шен тексташ а кхолла, проблемин хаттаршна жоьпаш дала, хьехархочун куьйгаллица исбаьхьаллин искусствон говзарш кхечу искусствон говзаршна дуьхьалхӀитто а, шен пайдехь хин йолу говзарш харжа Ӏама.
- проектни-талламан гӀуллакхалла дӀадахьа хаа, цуьнан жамӀаш дӀадовзийта а, тайп-тайпана информацин хьостанашца болха бан коьрта хаарш хила а, царна презентаци йан говзалла хила а.

**8 класс:**

- нохчийн халкъан оьздангаллин мах хадо таро лун тайп-тайпана жанрийн говзарийн проблематика а, оьздангаллин ша тайпа башхалла билгалйаккха, Даймехкан Ӏаламах а, Даймахках а лаьцначу говзаршкахь нохчийн къоман синкхетаман коьрта культурин а, оьздангаллин а мехаллаш йовзар;
- Даймахках а, нохчийн доьзалх а лаьцначу говзаршкахь Россин къаьмнийн культурийн контексташкахь нохчийн литературин меттиг къасто хууш хила.
- нохчийн къоман амалх кхетам хила, нохчичо къоман синкхетам ларбеш хиларх а, кхиаран мур хала хиларх а, нохчийн поэзин маттах а кхетам хила;
- фольклоран а, литературин а текстан оьздангаллин анализ йан хаарш хила, исбаьхьаллин текст йешархочунна вайзаманхочунна авторо беш кхайкхам санна лара, йаьржина историко-культурин комментареш а, эпизодан анализ йаран форматехь шен тексташ а кхолла, проблемин хаттаршна жоьпаш дала, исбаьхьаллин искусствон говзарш кхечу искусствон говзаршна дуьхьалхӀитто а, шен пайдехь хин йолу говзарш харжа Ӏама.
- проектни-талламан гӀуллакхалла дӀадахьа хаа, цуьнан жамӀаш дӀадовзийта а, тайп-тайпана информацин хьостанашца болха бан коьрта хаарш хила а, царна презентаци йан говзалла хила а.

**9 класс:**

- проблематика къасто а, нохчин къоман оьздангаллин идеалех болу кхетам кхиорхьама тайп-тайпана жанрийн а, муьрийн а говзарийн эстетически шатайпаналлех кхета, исбаьхьаллин дешан материала тІехь нохчийн къоман синкхетаман коьртачу культурин а, оьздангаллин а маьІнех кхета;
- Россин къаьмнийн културийн контекстехь нохчийн литературин а, культурин а синъоьздангаллин а, културин-оьздангаллин а мехаллех кхеташ хила;
- исбаьхьаллин говзаран кепан а, чулацаман цхьаалла ойла йеш тІеэцар, шен йешархочун ассоциацийн тІегІа дІахІоттор, исбаьхьаллин текстан эстетически анализ йан хаарш хила, исбаьхьаллин текст йаьржина историко-културин комментареш а, тайп-тайпанчу форматехь йаран форматехь шен тексташ а кхолла, исбаьхьаллин искусствон говзарш дуьхьалхІитто а, ша а шен цІахь йеша говзарийн гуо кхолла а, исбаьхьаллин литература йешаран перспективе йолу Іалашо къасто а;
- проектни-талламан гІуллакхалла кхочушдан, цуьнан жамІаш дІадовзийта а, тайп-тайпана информацин хьостанашца болха бан коьрта хаарш хила а, царна презентаци йан говзалла хила а.

**9 классан арахецархочунна хаьа:**

1. Говзаран тема а, коьрта ойла а, коьрта Іоттабаккхам а къасто (5-6 классаш);
2. Сюжет йухайийца, фабула йаккха, йухайийцаран тайп-тайпана гІирсех пайдаэца а (5-6 классаш), композицин башхаллаш билгалйаха а(6-7 классаш);
3. Персонажаш-турпалхойн амалийн сурт хІотто, церан дустаран башхаллаш йало (5-6 классаш), персонажийн системина мах хадо (6-7 классаш);
4. Йаздархочун кхоллараллин амалца богІу коьрта гайтаран-исбаьхьаллин гІирсаш лаха, церан исбаьхьаллин функцеш билгалйаха (6-7 классаш), йаздархочун меттан а, хотІан а башхаллаш къасто (8-9 классаш);
5. Исбаьхьаллин говзаран жанрийн, тайпанийн специфика билгалйаккха (7-9 классаш);
6. Говзарийн оьздангаллин-философин а, йукъараллин-исторически а, эстетически а проблематикех гар кхето (8-9 классаш);

7. Говзаршкахь исбаьхьаллин элемента къасто а, царна йукъара уьйр гучайаккха а (5-7 классаш); тайп-тайпана жанрийн литературин говзарийн анализ йан (8-9 классаш);

8. Турпалхошца а, хиламашца а йолу авторан йукъаметтиг билгалйаккха (хIора классехь шен тIегIане хьаьжжана);

9. Коьртачу теоретикин-литературин терминех а, кхетамех а пайдаэца (хIора классехь – оцу классехь Iамийнчу терминех пайдаэца хаар);

10. Исбаьхьаллин говзаре йолу шен йукъаметтиг дIахаийта; шена хетачун аргументаци йан (х1ора классехь – шен т1ег1ане хьаьжжана);

11. ХIиттийнчу хаттаршна шуьйра барта йа йозанан жоп дала (хIора классехь - шен тIегIане хьаьжжана), дешаран дискуссеш дIайахьа (7-9 классаш);

12. Сочинени, эссе, хьалхе кхайкхийнчу литературин йа публицистикин темина леринчу проектана материал лаха, карийна информацех пайдаэца (хIора классехь – шен тIегIане хьаьжжана);

13. Исбаьхьаллин литературин говзарш исбаьхьа йеша, говзаре йолу шен йукъаметтиг а дIа а гойтуш (5-9 классаш);

14. Дешаран хаамийн хьаьрмехь оьшург лаха хаа (7-8 классаш) энциклопедешца, дошамашца, справочникашца, леринчу литературица болх бан (8-9 классаш), библиотекин каталогех, библиографически гойтургех, Интернет лахаран системех пайдаэца (хIора классехь – шен тIегIане хьаьжжина).

**5 класс**

| Дешаран курсан дакъа | Сахьтийн барам | Кхоллараллин белхаш |
|---|---|---|
| Халкъан барта кхоллаpалла | 13 | 1 |
| Литературин туьйра | 10 | |
| Исбаьхьаллин литература | 32 | 3 |
| Литературни теори | 4 | |
| Классал арахьара дешар | 3 | |
| Карладаккхар | 2 | |
| **Дерриг** | **64** | **4** |

**6 класс**

| Дешаран курсан дакъа | Сахьтийн барам | Кхоллараллин белхаш |
|---|---|---|
| Халкъан барта кхолларалла | 13 | 1 |
| Исбаьхьаллин литература | 39 | 5 |
| Литературни теори | 3 | |
| Классал арахьара дешар | 4 | |
| Карладаккхар | 3 | |
| | | |
| **Дерриг** | **62** | **6** |

**7 класс**

| Дешаран курсан дакъа | Сахьтийн барам | Талламан кхоллараллин белхаш |
|---|---|---|
| Халкъан барта поэзи | 13 | 1 |
| Исбаьхьаллин литература | 40 | 3 |
| Литературин теори | 4 | |
| Классал арахьара дешар | 5 | |
| 1амийнарг арладаккхар | 2 | |
| **Дерриг** | **64** | **4** |

**8 класс**

| Дешаран курсан дакъа | Сахьтийн барам | Талламан кхоллараллин |
|---|---|---|

| | | белхаш |
|---|---|---|
| Мотт бацахь, къам а дац | 1 | |
| Исбаьхьаллин литература | 51 | 4 |
| Литературин теори | 3 | |
| Классал арахьара дешар | 6 | |
| Дешархоша шаьш хаьржина произведенеш йийцаре йар. | 1 | |
| Карладаккхар | 2 | |
| **Дерриг** | 64 | 4 |

**9 класс**

| Дешаран курсан дакъа | Сахьтийн барам | Кхоллараллин белхаш, тестировани |
|---|---|---|
| Нохчийн халкъан барта кхолла, ралла | 17 | 1 |
| Йоза а, исбаьхьаллин литература а кхоллайалар | 3 | |
| Къоман исбаьхьаллин литература йолийнарш | 6 | 2 |
| Исбаьхьаллин литература | 36 | 2 |
| 1амийнарг т1еч1аг1дар. | 1 | |
| **Дерриг** | 63 | 5 |

## 5-чу классан нохчийн литературин тематикин планировани.

| № | Урокан тема | Сахьт | 1аморан коьрта кхетам |
|---|---|---|---|
| 1 | Книга-хьан доттаг1!<br>Нохчийн халкъан барта кхолларалла. | 1 | Стенах олу халкъан барта кхолларалла. Муьлха жанраш йог1у цу йукъа дийцар. Литературо а, фольклоро а дахар исбаьхьаллица гайтар. |
| 2 | Туьйранаш. Тамашийна олхазар. | 1 | Туьйранан чулацам а, коьрта турпалхой а бовзийтар. Адаман 1аламца йолу уьйр халкъо боккхачу безамца йийцар. Турпалхой къинхетаме а, догдика а, хьанал а хиларан маь1на довзийтар. |
| 3 | Туьйра. « Кхо ваша». | 1 | Туьйранахь ден весет кхочушдарна т1ехь вежарийн дика а, ледара а амалш гайтаран башхалла. Сонталла а, куралла а йемалйар, майралла а, хьуьнаре хилар къобалдар. |
| 4 | « Кхо ваша». Жимачу вешин хьуьнарш. | 1 | Жимачу вешин хьуьнарш а, цо 1аламан ницкъашна т1ехь толам баккхар а гайтар. Жимачу вешин кхетам а, хьекъал а, майралла а хилар гайтар. |
| 5 | Туьйра. «Барзо 1ахарца мохк къовсар» | 1 | Туьйранан чулацам а, коьрта турпалхой а, церан г1иллакх – амалш: къиза, сутара, сонта, борз, х1илла долу цхьогал, г1ийла миска 1ахар а, тешаме, майра ж1аьла а, дахар адаман дахарх |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | тардина гайтар а. |
| 6 | Туьйра. «Кхо ваша а, саьрмак а.» | 1 | Адаман 1ер – дахарх лаьцна туьйра. Туьйранахь ден весет кхочушдан дезаш хилар ч1аг1дар, и т1е ца лоцуш верг йемалвар. |
| 7 | Туьйра.«Доьшуш хилла к1ант». | 1 | Туьйранан чулацам а, коьрта турпалхой а, церан г1иллакх – амалш а. К1антана гина хало а, цуьнан маь1на а. Нуьцкъалчу паччахьан къизалла гайтаран башхалла. Туьйранан турпалхо хьекъалца, доьналлица шена хьалха х1уьттучу халонех чекхвалар гайтар. Догдикалла къобалдар,харцо, къизалла йемалйар. |
| 8 | «Доьшуш хилла к1ант»туьйранах лаьцна. | 1 | «Доьшуш хилла к1ант» туьйранах лаьцна кхетам балар. |
| 9 | Кицанаш. | 1 | Кицанаш ирачу кхетамца х1иттийна, доца аларш хилар. Кицанашкахь халкъан хьекъал а, бакъдерг а гайтар. Кицанаш тайп-тайпана хилар: Даймахкахь а, къинхьегамах а, адамийн амалх, доттаг1аллех а лаьцна. |
| 10 | Х1етал-металш. | 1 | Х1еталш – металша х1оттош долу говза сурт. Халкъ к1орггера тидам болуш хилар гайтар. Х1етал–метал х1уманийн билгалонаш йустарца а, тера хиларца а кхоллар (цхьаьна йог1у х1уманаш, хиламаш. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 11 | Саидов Билалан дахар а, кхолларалла а. | 1 | Йаздархочух лаьцна боцца хаамаш. «Майра к1ант Сулима» - литературни, стихотворни кепехь йаздина туьйра хилар гайтар. |
| 12 | Саидов Б. «Майра к1ант Сулима». | 1 | Къиза Содий, майра к1ант Сулимий. Церан васташ а, амалш а. Туьйранахь 1аламан а, дийнатийн а суьрташ гайтаран башхалла. Хьаналчу къинхьегаман маь1на гайтар а, хьоладайн писалла а, йамартло а йийцар. |
| 13 | «Майра к1ант Сулима» туьйранахь Сулимин хьуьнарш гайтар. | 1 | Адамийн деган дикаллийн, оьздагаллийн, къинхетаме хиларрий хастор. Туьйранан мотт. Халкъан барта кхолларалллин 1аткъам. Поэтичность а, васташ къеггина хилар а. |
| 14 | Майра к1ант Сулима» Содин васт. | 1 | Къиза Содий, майра к1ант Сулимий. Церан васташ а, амалш а. Туьйранахь 1аламан а, дийнатийн а<br>суьрташ гайтаран башхалла. Хьаналчу къинхьегаман маь1на гайтар а, хьоладайн писалла а, йамартло а йийцар. Адамийн деган дикаллийн, оьздагаллийн, къинхетаме хиларрий хастор. Туьйранан мотт. Халкъан барта кхолларалллин 1аткъам. Поэтичность а, васташ къеггина хилар а. |
| 15 | **Жам1 даран урок.** | 1 | Хааарш таллар. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 16 | **Классал арахьара дешар.**<br>**«Хьекъал долу йо1 а, кхелахо а.»** | 1 | Туьйранаш-нохчийн барта кхолламаллехь коьртачу,уггаре мехалчу произведенийн цхьа тайпа. Даймохк безар,иза 1алашбар,вовшашца барт хилар,кхечу къаьмнашца доттаг1аллин уьйраш лелор,халкъан,мехкан г1уллакхана т1ера хилар ч1аг1дар. Къонахалла,оьздангалла, къинхетамалла, адамийн сий лардар туьйранашкахь кхайкхор. |
| 17 | Мусаев М. «Ц1ен маьхьси». | 1 | Йаздархочун дахарх лаьцна боцца хаамаш бовзийтар. Туьйранан чулацам а, коьрта турпалхой а, церан амалш а йийцаре йар. |
| 18 | «Ц1ен маьхьси». Цхьогало барзана бина бекхам. | 1 | Берзан а, цхьогалан а вовшашца йолу хьаг1–гамо гайтар. Берзан йамарт ойланаш мекарчу цхьогало кхочуш ца хилийтарх лаьцна дийцар. Хьекъал, йамартлонал, тешнабехкал, сонталел тола дезаш хиларан ойла ч1аг1йар. |
| 19 | Гацаев С. «Чкъоьрдиг». | 1 | Йаздархочух лаьцна боцца хаамаш бовзийтар. Туьйранан чулацам а, коьрта турпалхой а бовзийтар. |
| 20 | «Чкъоьрдиг» Чкъоьрдиган толамаш. | 1 | Чкъоьрдига ша – шена т1ехь баьккхина толам гайтар. Цу шиннан къовсам гайтаран башхалла. Х1илла сонталлал а толар. Йаздархочун туьйра халкъан барта кхолламаллин туьйранца цхьаьнадог1уш хилар. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 21 | Исмаилов А. «Бирдолаг». | 1 | Йаздархочух лаьцна боцца хаамаш. «Бирдолаг» - философски жанрехь долу туьйра довзийтар. Лоьман пачхьалкх, оцу пачхьалкхехь долу г1иллакхаш, акхарошна а, олхазаршна а, йакъахь йолу къизалла гайтар. |
| 22 | «Бирдолаг»Туьйранан маь1на. | 1 | уьйранахь г1ийланиг, ка-м1ара а, ира церг а йоцург ницкъ болчо х1аллакйеш хилар, цаьргахь г1ело латтор. Лоьман олалла дожоран маь1на гайтар. |
| 23 | **Изложенина кечам бар.** | 1 | Дозуш долу къамел кхиор. изложенина кечам бар. |
| 24 | **Изложени.«Ненан б1аьрхиш».** | 1 | Адаман куц-кеп, цуьнан лелар гойтуш йолу дийцаран текстийн йуьззина изложенеш йазйан 1амор. |
| 31 | Бадуев Саь1ид-Салихьан дахар а, кхолларалла а. Бадуев а,къоман театр а.Бадуев Саь1ид-Салихьан поэтически кхолларалла. | 1 | Бадуев Саь1идан кхолларалллин некъ бовзийтар. |
| 32 | **Жам1 даран урок.** | 1 | 1амийнарг карладаккхар. |
| 33 | Бадуев Саь1ид-Салихьан оьрсийн йаздархошца хилла доттаг1аллин а, кхоллараллин а уьйраш. | 1 | Бадуев Саь1ид-Салихьан оьрсийн йаздархошца хилла доттаг1аллин а, кхоллараллин уьйраш йовзийтар. |
| 34 | Бешто» повесть. Повестан тема а, д1ах1оттам а. Васташ кхолларан башхаллаш. | 1 | Повестан чулацам бовзийтар.<br>Повестан коьрта маь1на. |
| 35 | «Бешто» повесть. Бештой, Бусаний. | 1 | Повестан коьрта маь1на. |
| 36 | **Сочинени: «Бешто» кечам бар.** | 1 | Дешархойн хаарш таллар. |
| 37 | **Сочинени: «Бешто» йазъйар.** | 1 | Дозуш долу къамел кхиор. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 38 | «Ц1еран арц» повесть. | 1 | «Ц1еран арц» повестан чулацам а, исбаьхьаллин башхаллаш а гайтар. |
| 39 | Авторан 1алашо а, повестан д1ах1оттам а. Кулдевич а, цунна т1аьхьа бозурш а. | 1 | «Ц1еран арц» повесть. Пурстоьпан Куьлдевичан, цунна т1аьхьа бозучу Мирзин, Эльбертан амалш. |
| 40 | «Ц1еран арц» повесть. Хонмурд а, цуьнан доьзал а. Повестан маь1на. | 1 | Къоман ламасташ повесть т1ехь гайтар. Хонмурд а, цуьнан доьзал а. Бано а, Залуба а. Нохчийн зударийн оьздангалла, цара шайн сий, къоман г1иллакхаш лардар. |
| 41 | Мамакаев 1аьрбин дахар а, кхолларалла а. | 1 | Мамакаев 1аьрбин дахаран, кхоллараллин некъ бовзийтар. |
| 42 | Мамакаев 1аьрбин лирика. «Кавказан латта». «Сайн к1анте», | 1 | Мамакаев 1аьрбин лирически произведенеш йовзийтар |
| 43 | 1аламан,безаман лирика «Йо1е», «Даге» стихотворенеш. | 1 | Поэтан лирикехь безам а, доттаг1алла а. Йукъараллийн дахарехь поэтан декхарш а, поэзин меттиг а гайтар. |
| 44 | «Нохчийн лаьмнашкахь» поэма. | 1 | «Нохчийн лаьмнашкахь» поэми т1ехь доттаг1аллин а, безаман а тема къастор. Авторан васт х1отто 1амор. |
| 46 | Хамидов 1абдул-Хьамидан дахар а, кхолларалла а. | 1 | Нохчийн куьлтура кхиорехь Хамидовх лаьцна довзийтар. |
| 47 | Дийцарш. «Д1а-коч, схьа-коч», «Абубубешар», «Г1ирма-солтас йаккхина са», «Дурдий, Даргий» дийцарш. | 1 | Хамидов 1-Хьамидан дийцарийн чулацаман башхаллаш йовзийтар. |
| 48 | Пьесаш. «Т1ам сийна кхокха», «Ламанан йо1» , | 1 | Хамидов 1-Хьамидан пъесаш йийцаре йар. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | «Мохьсолтин доьхна де», «Бож-1ела» пьесаш. | | |
| 49 | «Лийрбоцурш» – турпалаллин драма. Пъесин тема, жанр, д1ах1оттам.Хьалхара дакъа. | 1 | Нохчийн куьлтура кхиорехь Хамидовх лаьцна довзийтар. |
| 50 | Ханпаший, Мутий. Ханпаша а, цуьнан накъостий-б1аьхой а. | 1 | Йаххьашца произв йешар. |
| 51 | «Лийрбоцурш» - турпалаллин драма. Шолг1ий, кхоалг1ий дакъош.Тыл а, фронт а. | 1 | Турпалхойн доттаг1алла довзийтар. |
| 52 | **Жам1 даран урок.** | 1 | Хаарш т1еч1аг1дар. |
| 53 | Къоман литература 20-чу б1ешеран 20-40-чуй шерашкахь кхиаран жам1аш. Проза, драматурги. | 1 | Лит-х лаьцна кхетам шорбар, к1аргбар. |
| 54 | Къоман литература 20-чу б1ешеран 20-40-чуй шерашкахь кхиаран жам1аш а, х1инцалера литература а. Проза, драматурги. | 1 | Прозех, драматургех лаьцна дийцар. |
| 55 | Къоман литература 20-чу б1ешеран 20-40-чуй шерашкахь кхиаран жам1аш.Поэзи. | 1 | Къоман литература 20-чу б1ешеран 20-40-чуй шерашкахь кхиаран башхаллаш йовзийтар.Поэзих лаьцна кхетам балар. |
| 56 | **Изложени «Ненан б1аьрхиш».** | 1 | Дозуш долу къамел кхиор |
| 57 | Нохчийн литература Сийлахь-боккха Даймехкан т1ом лаьттинчу | 1 | Сийлахь –боккха Даймехкан т1ом лаьттинчу шерашкахь прозех, драматургех лаьцна дийцар. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | шерашкахь. Проза, драматурги. | | |
| 58 | Нохчийн литература Сийлахь-боккхаДаймехкан т1ом лаьттинчу шерашкахь. Проза, драматурги. | 1 | Сийлахь –боккха Даймехкан т1ом лаьттинчу шерашкахь прозех, драматургех лаьцна дийцар т1еч1аг1дар. |
| 59 | Нохчийн литература Сийлахь-боккха Даймехкан т1ом лаьттинч у шерашкахь. Поэзи. | 1 | Сийлахь –боккха Даймехкан т1ом лаьттинчу шерашкахь поэзех лаьцна дийцар. |
| 60 | Хьехархочо хаьржинчу говзаран т1ехь болх бар. | 1 | Хаьржинчу говзар т1ехь болх бан 1амор. |
| 61 | Нохчийн литература 20-чу б1ешеран 50-70-чуй шерашкахь. Проза, драматурги. | 1 | 50-70-чуй шерашкахь литературе баьхкина йаздархой бовзийтар.Прозех, драматургех лаьцна дийцар. |
| 62 | Нохчийн литература 20-чу б1ешеран 50-70-чуй шерашкахь. Поэзи. | 1 | 50-70-чуй шерашкахь литература. Поэзех лаьцна дийцар. |
| 63 | Хьалха д1айаханчу хенахь оьрсийн, вайнехан вовшашца хилла машаре уьйраш литературехь гайтар. | 1 | Хьалха д1айаханчу хенахь оьрсийн, вайнехан вовшашца хилла доттаг1аллийн уьйраш гайтар. |
| 64 | Нохчийн литература 20-чу б1ешеран 80-90-чуй шерашкахь. Проза, драматурги. | 1 | 80-90-чуй шерашкахь. литературе баьхкина йаздархой бовзийтар. |
| 65 | Нохчийн литература 20-чу б1ешеран 80-90-чуй шерашкахь. Поэзи. | 1 | Поэзи йовзийтар. |
| 66 | Сулаев М.А. «Лаьмнаша ца дицдо» роман. Товсолтин васт. | 1 | Кхолларалех лаьцна дийца. «Лаьмнаша ца диццо» романан коьрта чулацам бозийтар. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 67 | Гацаев Саь1ид «Хьоме Даймохк», «Б1аьсте» | 1 | Гацаев саь1идан дахаран, кхолларалин некъ бовзийтар. Стихотворенеш йийцаре йар. |
| 68 | **Жам1 даран урок.** | 1 | Хаарш таллар. |

**Нохчийн литературин поурочни планировани**
**5-чу классан**

| № | Урокан тема | Сахьт | Хан | Карара хан | Билгалдаккхар |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Книга-хьан доттаг1!<br>Нохчийн халкъан барта кхоллаpалла. | 1 | 01.09 | | |
| 2 | Туьйранаш. Тамашийна олхазар. | 1 | 05.09 | | |
| 3 | Туьйра. « Кхо ваша». | 1 | 07.09 | | |
| 4 | « Кхо ваша». Жимачу вешин хьуьнар | 1 | 12.09 | | |
| 5 | Туьйра. «Барзо 1ахарца мохк къовсар» | 1 | 14.09 | | |
| 6 | Туьйра. «Кхо ваша а, саьрмак а.» | 1 | 19.09 | | |
| 7 | Туьйра. «Доьшуш хилла к1ант.» | 1 | 21.09 | | |
| 8 | «Доьшуш хилла к1ант» туьйранах лаьцна | 1 | 26.09 | | |
| 9 | Кицанаш. | 1 | 28.09 | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 10 | Х1етал-металш. | 1 | 03.10 | | |
| 11 | Саидов Билалан дахар а,кхолларалла а. | 1 | 05.10 | | |
| 12 | Саидов Б. «Майра к1ант Сулима» | 1 | 10.10 | | |
| 13 | Туьйранахь Сулимин хьуьнарш гайтар. | 1 | 12.10 | | |
| 14 | Майра к1ант Сулима» Содин васт. | 1 | 17.10 | | |
| 15 | **Жам1 даран урок** . | 1 | 19.10 | | |
| 16 | **Классал арахьара дешар.**<br>**«Хьекъал долу йо1 а, кхелахо а».** | 1 | 31.10 | | |
| 17 | Мусаев М. «Ц1ен маьхьси». | 1 | 02.11 | | |
| 18 | «Ц1ен маьхьси».Цхьогало барзана бина бекхам. | 1 | 07.11 | | |
| 19 | Гацаев С. «Чкъоьрдиг» | 1 | 9.11 | | |
| 20 | Чкъоьрдиган толамаш. | 1 | 14.11 | | |
| 21 | Исмаилов А. «Бирдолаг.» | 1 | 16.11 | | |
| 22 | «Бирдолаг»туьйранан маь1на. | 1 | 21.11 | | |
| 23 | **Изложенина кечам бар.** | 1 | 23.11 | | |
| 24 | **Изложени. «Ломмий, цхъогаллий».** | 1 | 28.11 | | |
| 25 | Бадуев С. «Зайнди». | 1 | 30.11 | | |
| 26 | «Зайнди» дийцарехь Зайндин васт. | 1 | 05.12 | | |
| 27 | М. Мамакаев «Баппа». | 1 | 07.12 | | |
| 28 | «Баппа» Дийцаран маь1на. | 1 | 12.12 | | |
| 29 | Мамакаев 1. «Садаьржаш». | 1 | 14.12 | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 30 | **Классал арахьара дешар. Бадуев С. «Кемсаш».** | 1 | 19.12 | | |
| 31 | **Жам1 даран урок.** | 1 | 21.12 | | |
| 32 | Сулаев М. «Ламанан хи». | 1 | 09.01 | | |
| 33 | Гайсултанов 1. «Кегий йийсарш». | 1 | 11.01 | | |
| 34 | Повестан коьрта турпалхойн васташ. | 1 | 16.01 | | |
| 35 | **Сочиненина кечам бар.** | 1 | 18.01 | | |
| 36 | **Сочинени «Даймохк».** | 1 | 23.01 | | |
| 37 | Сулейманов А. «Борз йа уг1уш». | 1 | 25.01 | | |
| 38 | Муталибов Зайндин дахар а, кхолларалла а. | 1 | 30.01 | | |
| 39 | Муталибов З. «Доттаг1алла». | 1 | 01.02 | | |
| 40 | Саракаев Хьамзатан дахар а, кхолларалла а. | 1 | 06.02 | | |
| 41 | Саракаев Хь. «Баьпкан чкъуьйриг». | | 08.02 | | |
| 42 | Ахматова Р. «Лийрбоцурш». | 1 | 13.02 | | |
| 43 | Ахмадов 1. «Къонахалла». | 1 | 15.02 | | |
| 44 | «Къонахалла». Дийцаран коьрта турпалхой а, церан васташ а. | 1 | 20.02 | | |
| 45 | Арсанукаев Ш. «Баьпкан йаьхк | 1 | 22.02 | | |
| 46 | Кагерманов Д. «Доттаг1алла» | 1 | 27.02 | | |
| 47 | «Доттаг1алла» дийцаран коьрта чулацам а, маь1на а. | 1 | 01.03 | | |
| 48 | Окуев Ш. «Сан хьоме Нохчийчоь» | 1 | 06.03 | | |
| 49 | Дешархоша шаьш йешна произведенеш йийцаре йар. | 1 | 08.03 | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 50 | **Сочиненина кечам бар.** | 1 | 13.03. | | |
| 51 | **Сочинени «Б1аьсте».** | 1 | 15.03 | | |
| 52 | **1амийнарг карладаккхар.** | 1 | 20.03 | | |
| 53 | **Жам1 даран урок.** | 1 | 22.03 | | |
| 54 | Классал арахьара дешар Берсанов Х.-А. «Берзалой». | 1 | 03.04 | | |
| 55 | Сатуев.Хь. «Лаьмнийн къоналла» | 1 | 05.04 | | |
| 56 | Махмаев Ж. «Буьйсанна г1улчаш» | 1 | 10.04 | | |
| 57 | «Буьйсанна г1улчаш» дийцаран коьрта чулацам а, маь1на а. | 1 | 12.04 | | |
| 58 | Рашидов Ш. «Т1амна дуьхьал довла». | 1 | 17.04 | | |
| 59 | Бексултанов М. «Цакхетта хестор». | 1 | 19.04 | | |
| 60 | «Цакхетта хестор»дийцаран коьрта чулацам а, маь1на а. | 1 | 24.04 | | |
| 61 | **Изложенина кечам бар.** | 1 | 26.04 | | |
| 62 | **Изложени. «Г1иллакх».** | 1 | 03.05 | | |
| 63 | Хатуев 1. «Аьрзунан илли». | 1 | 08.05 | | |
| 64 | Амаев В. «Малх чубаре хьоьжура иза». | 1 | 10.05 | | |
| 65 | «Малх чубаре хьоьжура иза» Дийцарехь Селаман васт. | 1 | 15.05 | | |
| 66 | Дешархоша шаьш йешна произведенеш йийцаре йар. | 1 | 17.05 | | |
| 67 | **1амийнарг т1еч1аг1дар (Тест).** | 1 | 22.05 | | |
| **68** | **Жам1даран урок.** | 1 | 24.05 | | |

**Нохчийн литературин поурочни планировани**
**6-чу классан**

| № | Урокан тема | Сахьт | Хан | Карара хан | Билгалдаккхар |
|---|---|---|---|---|---|
| 1. | Халкъан барта кхолларалла | 1 | 01.09 | | |
| 2. | «Эвтархойн Ахьмадан илли».<br>Эвтархойн Ахьмадан а, оьрсийн к1ентан вовшахкхетар. | 1 | 05.09 | | |
| 3. | Эвтархойн Ахьмадан иллех лаьцна. | 1 | 07.09 | | |
| 4. | «Таймин Биболатан илли». | 1 | 12.09 | | |
| 5. | Иллех а, церан исбаьхьаллин билгалонех а. | 1 | 14.09 | | |
| 6. | Наьрт-эрстхойн паччахь Наураз. | 1 | 19.09 | | |
| 7. | Ницкъ болу Солса. | 1 | 21.09 | | |
| 8. | Гермчигара наьрташ. | 1 | 26.09 | | |
| 9. | Наьрт-эрстхой кхерор. | 1 | 28.09 | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 10. | Дешархоша баккхийчаьргара шайна хезна долу наьрт-аьрстхойх лаьцна долу дийцарш, туьйранаш. | 1 | 03.10 | | |
| 11. | 1амийнарг т1еч1аг1дар. | 1 | 05.10 | | |
| 12. | Гайсултанов 1умаран кхолларалла. | 1 | 10.10 | | |
| 13 | Гайсултанов 1. «Нийса кхиэл». | 1 | 12.10 | | |
| 14. | Баснйа жанрах  лаьцна. | 1 | 17.10 | | |
| 15 | Гайсултанов 1.«Барзо амалш ца хуьйцу». | 1 | 19.10 | | |
| 16 | «Барзо амалш ца хуьйцу» баснех лаьцна. | 1 | 31.10 | | |
| 17 | **Классал арахьара дешар** «МадинЖаьммирзин, Таймин Биболатан илли ». | 1 | 02.11 | | |
| 18 | Сатуев Хьусейнан кхолларалла. Баснйа «Ломмий, цхьогаллий». | 1 | 07.11 | | |
| 19 | Баснйа таллий вай. | 1 | 09.11 | | |
| 20 | Гадаев М-С. Стихотворени. «Дарта». | 1 | 14.11 | | |
| 21 | Ошаев Халидан  дахар а, кхолларалла а. | 1 | 16.11 | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 22 | Ошаев Х.«Чайра».Дийцар. | 1 | 21.11 | | |
| 23 | «Чайра» дийцарх лаьцна. | 1 | 23.11 | | |
| 24 | Литературин произведенин турпалхочух лаьцна. | 1 | 28.11 | | |
| 25 | Мамакаев Іаьрбин колларалла. | 1 | 30.11 | | |
| 26 | Поэмех лаьцна. | 1 | 05.12 | | |
| 27 | Мамакаев І. Поэма «Дагалецамаш». | 1 | 07.12 | | |
| 28 | **Классал арахьара дешар** .Бексултанов М. «Генара а,гергара а денош». | 1 | 12.12 | | |
| 29 | Сайдуллаев Хьасанан кхолларалла, поэма «Ненан б1аьрхиш». | 1 | 14.12 | | |
| 30 | «Ненан Б1аьрхиш». Дегий, нене деана во. | 1 | 19.12 | | |
| 31 | Пейзажах лаьцна. | 1 | 21.12 | | |
| 32 | **Сочинени «Нана».** | 1 | 09.01 | | |
| 33 | **Сочинени «Нана».** | 1 | 11.01 | | |
| 34 | Сулаев Мохьмадан дахар а, кхолларалла а стих «К1анте» | 1 | 16.01 | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 35 | Эдилов Х. «Ненан безам» | 1 | 18.01 | | |
| 36 | Ахмадов Іумаран дахар а, кхолларалла а. | 1 | 23.01 | | |
| 37 | Ахмадов І. «Воккха дада». | 1 | 25.01 | | |
| 38 | **Классал арахьара дешар.** Саракаев Хь. « Ширачу г1опехь». | 1 | 30.01 | | |
| 39 | Айдамиров А. «Вина мохк». | 1 | 01.02 | | |
| 40 | «Вина мохк»стихотворених лаьцна. | 1 | 06.02 | | |
| 41 | Эпитетах лаьцна кхетам. | 1 | 08.02 | | |
| 42 | **Сочинени «Сан Даймохк».** | 1 | 13.02 | | |
| 43 | **Сочинени «Сан Даймохк».** | 1 | 15.02 | | |
| 44 | Ахматова Р. «Ма хала ду цунах кхета». | 1 | 20.02 | | |
| 45 | «Ма хала ду цунах кхета» стихотворених Лаьцна. | 1 | 22.02 | | |
| 46 | Саракаев Хьамзатан дахар а, кхолларалла а. | 1 | 27.02 | | |
| 47 | Саракаев Хьамзат «Ирсе б1аьрхиш». | 1 | 01.03 | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 48 | **Классал арахьара дешар** Саидов С-С. «Мажделла кехатан цуьрг». | 1 | 06.03 | | |
| 49 | Арсанукаев Ш. «Мохкбегор». | 1 | 08.03 | | |
| 50 | Окуев Ш. «Б1аьсте». | 1 | 13.03 | | |
| 51 | Кибиев Мусбек «Меттан сий». | 1 | 15.03 | | |
| 52 | Дикаев М. «Къинхетаме Нохчийчоь» | 1 | 20.03 | | |
| 53 | Рашидов Шах1ид «Ломара ц1е» стихотворени. | 1 | 22.03 | | |
| 54 | Мамакаев Э. «Х1орд». | 1 | 03.04 | | |
| 55 | **Классал арахьара дешар. Рашидов Ш**. «Пондаран аз». | 1 | 05.04 | | |
| 56 | Махмаев Ж. «1аьржачу баьпкан йуьхк». | 1 | 10.04 | | |
| 57 | Нунуев Саид-Хьамзатан дахар а, кхолларалла а. | 1 | 12.04 | | |
| 58 | Нунуев С-Хь. «Хьайбаха». | 1 | 17.04 | | |
| 59 | Яхъяев Лечин дахар а, кхолларалла а. | 1 | 19.04 | | |
| 60 | Яхъяев Л.«Даркеш». | 1 | 24.04 | | |
| 61 | Бексултанов Мусан дахар а, кхолларалла а. | 1 | 26.04 | | |
| 62 | Бексултанов М. «Некълацар». | 1 | 03.05 | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 63 | Литературан турпалхочух а, сйажетах а, композицех а лаьцна. | 1 | 08.05 | | |
| 64 | Ахмадов Мусан дахар а, кхолларалла а. | 1 | 10.05 | | |
| 65 | Ахмадов М. «Телефон». | 1 | 15.05 | | |
| 66 | Яралиев ЙА. «Кад». | 1 | 17.05 | | |
| 67 | «Кад» стихотворених лаьцна. | 1 | 22.05 | | |
| 68 | **Жам1 даран урок** | 1 | 24.05 | | |

## Нохчийн литературин поурочни планировани
## 7-чу классан

| Раг1 | Урокан ц1е | Сахьт | Хан | Карара хан | Билгалдаккхар |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Халкъан барта поэзи. | 1 | 5.09 | | |
| 2 | Бабин Иэсин, ворх1вешин йишин илли. | 1 | 8.09 | | |
| 3 | Бабин Иэсин, ворх1вешин йишин илли. | 1 | 12.09 | | |
| 4 | Бабин Иэсин, ворх1вешин йишин иллех» лаьцна. | 1 | 15.09 | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 5 | «Ваша воцчу Сайлахин илли». | 1 | 19.09 | | |
| 6 | «Ваша воцчу Сайлахин илли». | 1 | 22.09 | | |
| 7 | «Дади- йарт йаккхаран» илли. | 1 | 26.09 | | |
| 8 | Дади- йурт йаккхаран иллилаьцна. | 1 | 29.09 | | |
| 9 | Нохчийн шира илли. | 1 | 3.10 | | |
| 10 | Нохчийн шира иллех лаьцна. | 1 | 6.10 | | |
| 11 | «Сай» халкъан илли . | 1 | 10.10 | | |
| 12 | «Сай» ц1е йолчу халкъан иллех лаьцна. | 1 | 13.10 | | |
| 13 | **Иллин турпалхочун амал гойтуш барта сочинени.** | 1 | 17.10 | | |
| 14 | Лириках а, поэтически къамелах а, стих кхолларах а лаьцна кхетам балар. | 1 | 20.10 | | |
| 15 | Мамакаев М. «Даймехкан косташ» . | 1 | 24.10 | | |
| 16 | «Даймехкан косташ» стихотворенех лаьцна. | 1 | 27.10 | | |
| 17 | Гадаев Мохьмад-Салахьан дахар а, кхолларалла а. | 1 | 7.11 | | |
| 18 | Гадаев М-С. «Ирча суьрташ». | 1 | 10.11 | | |
| 19 | Саидов Билалан дахар а, кхолларала а. «Вина йурт». | 1 | 14.11 | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 20 | Саидов Б.«Деган аз». | 1 | 17.11 | | |
| 21 | Курумова С «Дохк». | 1 | 21.11 | | |
| 22 | Мамакаев 1. «Берзан бекхам». | 1 | 24.11 | | |
| 23 | Ошаев Халидан дахар а, кхолларалла а. | 1 | 28.11 | | |
| 24 | Ошаев Х. «Иччархо Абухьаьжа Идрисов» очерк. | 1 | 1.12 | | |
| 25 | Сулейманов Ахьмад «Шуьнехь дош». | 1 | 5.12 | | |
| 26 | Дийцарх а, повестах а лаьцна. | 1 | 8.12 | | |
| 27 | Гайсултанов 1. Дахар а, кхолларалла а. «Болат-г1ала йожар» | 1 | 12.12 | | |
| 28 | «Болат-г1ала йожар». | 1 | 15.12 | | |
| 29 | «Болат-г1ала йожар». | 1 | 19.12 | | |
| 30 | «Болат-г1ала йожар» повестан хьокъехь. | 1 | 22.12 | | |
| 31 | **Изложенина кечам бар.** | | 26.12 | | |
| 32 | **Изложени «Воккха стаг ларар».** | 1 | 29.12 | | |
| 33 | **Классал арахьара дешар Мутаев М. «Кемсийн гарс».** | 1 | 9.01 | | |
| 36 | Литературин турпалхочух а, символах а лаьцна. | 1 | 12.01 | | |
| 37 | Арсанукаев Ш. «Ийманах дузийта дегнаш» До1а. | 1 | 16.01 | | |
| 38 | Арсанукаев Ш. «Ийманах дузийта дегнаш». Къемат-буьйса. | 1 | 19.01 | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 39 | Кибиев М «Дош». | 1 | 23.01 | | |
| 40 | Кибиев М. «Зов». | 1 | 26.01 | | |
| 41 | Окуев Шима «Мацалла» Гулам. | 1 | 30.01 | | |
| 42 | Окуев Шима «Мацалла» мацалло арабаьхнарш. | 1 | 2.02 | | |
| 43 | **Изложенина кечам бар.** | 1 | 6.02 | | |
| 44 | **Изложени «Ламанан хи».** | 1 | 9.02 | | |
| 45 | Гацаев С. «Дарц». | 1 | 13.02 | | |
| 46 | **Классал арахьара дешар Хамидов 1. «Абубешар».** | 1 | 16.02 | | |
| 47 | Кусаев 1адизан дахар а,кхолларалла а. | 1 | 20.02 | | |
| 48 | Кусаев 1 «Амалехь диканиг». | 1 | 27.02 | | |
| 49 | **Сочинени йазйан кечам бар.** | 1 | 1.03 | | |
| 50 | **Сочинени«1аьнан суьйре».** | 1 | 5.03 | | |
| 51 | Рашидов Ш. «Ден весет». | 1 | 8.03 | | |
| 52 | Дикаев М. «Нохчо ву со» истихотворени. | 1 | 12.03 | | |
| 53 | Шайхиев 1алваддин кхолларалла. | 1 | 15.03 | | |
| 54 | Шайхиев 1. «Ч1аг1о» стихотворени. | 1 | 26.03 | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 55 | Яшуркаев Султанан дахар а, кхолларалла а. | 1 | 29.03 | | |
| 56 | Яшуркаева Султан «Напсат». Напсатан васт. | 1 | 2.04 | | |
| 57 | Яшуркаев С. «Напсат». Напсатан кешнаш. | 1 | 5.04 | | |
| 58 | Бисултанов А. «Хьайбахахь йазйина байташ». | 1 | 9.04 | | |
| 59 | Бисултанов А. «Багонза бисначийн назма». | 1 | 12.04 | | |
| 60 | «Хьайбахахь йазйина байташ» произведенех лаьцна. | 1 | 16.04 | | |
| 61 | **«Сан дай баьхна йурт» сочинени йазйан кечам бар.** | 1 | 19.04 | | |
| 62 | **Сочинени «Сан дай баьхна йурт».** | 1 | 23.04 | | |
| 63 | Дешархоша шаьш йешна произведенеш йийцаре йар. | 1 | 26.04 | | |
| 64 | 1амийнарг карладаккхар, т1еч1аг1дар. Тест. | 1 | 30.04 | | |
| 65 | **Классал арахьара дешар «Жерочун к1ентан, гуьржийн к1ентан илли».** | 1 | 7.05 | | |
| 66 | Амаев В-Хь. «Генарчу денойн туьйра». | 1 | 10.05 | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 67 | Амаев В-Хь. «Генарчу денойн туьйра». | 1 | 14.05 | | |
| 68 | **Жам1 даран урок** | 1 | 17.05 | | |

**Нохчийн литературин поурочни планировани**
**8-чу классан**

| № | **Урокан ц1е** | **Сахьт** | **Хан** | **Карара хан** | **Билгалдаккхар** |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Мотт бацахь, къам дац. | 1 | 01.09 | | |
| 2 | Бадуев Саь1ид-Салихьан дахар а, кхоллаaралла а. | 1 | 06.09 | | |
| 3 | С.Бадуев «Олдам».Авторан турпалхойх дог лозуш хилар | 1 | 08.09 | | |
| 4 | Исбаьхьаллин вастах кхетам | 1 | 13.09 | | |
| 5 | Мамакаев Мохьмадан дахар а, кхолларалла а. | 1 | 15.09 | | |
| 6 | М.Мамакаев.«Лаьмнийн дийцар» стихотворенин к1орггера патриотически маь1на. | 1 | 20.09 | | |
| 7 | Стихотворенин ритмах, рифмех, барамах а. | 1 | 22.09 | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 8 | **Изложени «Вешин хьоза».** | 1 | 27.09 | | |
| 9 | **Изложени «Вешин хьоза».** | 1 | 29.09 | | |
| 10 | Ясаев Мовлин дахар а, кхолларалла а. | 1 | 04.10 | | |
| 11 | Ясаев Мовла «Хьоме йурт». | 1 | 06.10 | | |
| 12 | Ясаев Мовла «Хьоме йурт» дийцарх лаьцна. | 1 | 11.10 | | |
| 13 | **Кл.арахьара дешар** Хамидов 1-ХЬ. «Экзамен хаттар» | 1 | 13.10 | | |
| 14 | Хамидов 1-ХЬ « Д1а- коч, схьа- коч». | 1 | 18.10 | | |
| 15 | Хамидов 1-ХЬ « Д1а- коч, схьа- коч». | 1 | 20.10 | | |
| 16 | Сулаев Мохьмадан дахар а, кхолларалла а. | 1 | 01.11 | | |
| 17 | Сулаев М. «Цавевза доттаг1» | 1 | 03.11 | | |
| 18 | **Жам1 даран урок.** | 1 | 08.11 | | |
| 19 | Сулейманов Ахьмадан дахар а, кхолларала а. | 1 | 10.11 | | |
| 20 | «Дахаран генаш» поэмин коьрта теманаш. | 1 | 15.11 | | |
| 21 | «Дахаран генаш» Поэтан лирически турпалхочун оьзда лаамаш, цо йен ойланаш. | 1 | 17.11 | | |
| 22 | Х.-М.Эдилов. «Сий делахь , Латта!»(стих) | 1 | 22.11 | | |
| 23 | Арсанукаев Ш. Поэтан дахар а, кхолларалла а. | 1 | 24.11 | | |
| 24 | «Тимуран тур» Тимур лам чохь. | 1 | 29.11 | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 25 | «Тимуран тур» Бахьаган мотт. | 1 | 01.12 | | |
| 26 | «Тимуран тур» вайнаха Тимуран къизаллина дуьхьал латтийна къийсам. | 1 | 06.12 | | |
| 27 | Хасбулатов ЙАмилханан дахаран а, кхоллараллин а некъаш. | 1 | 08.12 | | |
| 28 | Я.Хасбулатов «Дош», «Стаг хила ваьллехь хьо ара…». | 1 | 13.12 | | |
| 29 | Гацаев Саь1идан дахар а, кхолларалла а. | 1 | 15.12 | | |
| 30 | Гацаев С. «Кавказ, «Б1аьстенца къамел». | 1 | 20.12 | | |
| 31 | 1амийнарг карладаккхар. | 1 | 22.12 | | |
| 32 | **Жам1 даран урок.** | 1 | 10.01 | | |
| 33 | Сатуев Хьусайнан дахар а, кхолларалла а. | 1 | 12.01 | | |
| 34 | Сатуев Хь. «Нашхахь» | 1 | 17.01 | | |
| 35 | **Кл.арахьара дешар**. Ахмадов Мусан дахар а, кхолларалла а. | 1 | 19.01 | | |
| 36 | **Кл.арахьара дешар**. Ахмадов М.«Боч1а». | 1 | 24.01 | | |
| 37 | Яшуркаев Султанан дахар а, кхолларалла .а | 1 | 26.01 | | |
| 38 | «Маьрк1ажа-бодан т1ехь к1айн хьокх».Семеновке боьду некъ. | 1 | 31.01 | | |
| 39 | Маьрк1ажа-бодан т1ехь к1айн хьокх». Дег1астанара кхача. | 1 | 02.02 | | |
| 40 | Маьрк1ажа-бодан т1ехь к1айн хьокх». Зайндин доьзал. | 1 | 07.02 | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 41 | Маьрк1ажа-бодан т1ехь к1айн хьокх». Дийцаран патриотически бух а, д1ах1оттам а. | 1 | 09.02 | | |
| 42 | Маьрк1ажа-бодан т1ехь к1айн хьокх». Мада-ахархо. | 1 | 14.02 | | |
| 43 | **Изложени «Бакъдешан да».** | 1 | 16.02 | | |
| 44 | **Изложени «Бакъдешан да».** | 1 | 21.02 | | |
| 45 | Шайхиев 1алавдин дахар а, кхоллаpалла а. | 1 | 23.02 | | |
| 46 | Шайхиев 1. «Дорцан буса». | 1 | 28.02 | | |
| 47 | **Кл.арахьара дешар**.Гадаев М-С. «Рег1ара поп». | 1 | 02.03 | | |
| 48 | Абдулаев Лечин дахар а, кхоллаpалла а. | 1 | 07.03 | | |
| 49 | Абдулаев Л. «Маьлхан каш». | 1 | 09.03 | | |
| 50 | **Сочинени «Халкъан турпалхо».** | 1 | 14.03. | | |
| 51 | **Сочинени «Халкъан турпалхо».** | 1 | 16.03 | | |
| 52 | **Жам1 даран урок.** | 1 | 21.03 | | |
| 53 | Бексултанов Мусан дахар а, кхоллаpалла а. | 1 | 23.03 | | |
| 54 | Бексултанов М. «Дари» дийцар | 1 | 04.04 | | |
| 55 | Бексултанов М. «Дари» дийцарх лаьцна. | 1 | 06.04 | | |
| 56 | Ахмадов Мусан дахар а, кхоллаpалла а. | 1 | 11.04 | | |
| 57 | Ахмадов М. «Лаьтта т1ехь лаьмнаш а х1иттош». | 1 | 13.04 | | |
| 58 | «Лаьтта т1ехь лаьмнаш а х1иттош» дийцарх лаьцна. | 1 | 18.04 | | |
| 59 | Бисултанов Аптин дахаран а, кхоллаpаллин а некъаш. | 1 | 20.04 | | |
| 60 | Бисултанов А. «Дег1аста» (стих). | 1 | 25.04 | | |
| 61 | Бисултанов А. «Шийла чилла йижна лайца…» | | 27.04 | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | |
| 62 | Бисултанов А. «Дег1аста», «Шийла чилла йижна лайца…» стихотворенех лаьцна. | 1 | 02.05 | | |
| 63 | **Сочинени «Г1иллакхо лайх эла во».** | | 04.05 | | |
| 64 | **Сочинени «Г1иллакхо лайх эла во».** | 1 | 09.01 | | |
| 65 | **Кл.арахьара дешар**. Бисултанов А.. «Гой шуна, доттаг1ий…». | 1 | 11.05 | | |
| 66 | 1амийнарг карладаккхар. Дешархоша шаьш йешна произведенеш йийцаре йар. | 1 | 16.05 | | |
| 67 | Тест. | 1 | 18.05 | | |
| 68 | **Жам1 даран урок.** | 1 | 23.05 | | |

## Нохчийн литературин поурочни планировани
## 9-чу классан

| № | Урокан ц1е | Сахьт | Хан | Карара хан | Билгалдаккхар |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Нохчийн халкъан барта кхолларалла. | 1 | 01.09 | | |
| 2 | Нохчийн барта кхоллараллин башхаллаш. | 1 | 06.09 | | |
| 3 | Нохчийн халкъан туьйранаш. | 1 | 08.09 | | |
| 4 | Халкъан шира дийцарш, хабарш, аларш. «К1ирдан б1аьвнаш», «Хьекъал долу зуда»,«Ненан б1аьрхиш», «Астаг1Тимар» дийцарш. | 1 | 13.09 | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 5 | Нохчийн халкъан дийцарш, хабарш, аларш. «Г1онат-Г1ала», «Мажк1а басе», «Соскан Солса» дийцарш. | 1 | 15.09 | | |
| 6 | Нохчийн халкъан эшарш. | 1 | 20.09 | | |
| 7 | Нохчийн халкъан кицанаш, х1етал-металш. | 1 | 22.09 | | |
| 8 | Лирически а, турпалаллин а иллеш. | 1 | 27.09 | | |
| 9 | Теркаца хьала-охьа вехаш хиллачу эла Мусостан, Адин Сурхон илли». Сурхон нана. Иллин цхьайолу исбаьхьаллин башхаллаш а, т1аьхххьара дош а. | 1 | 29.09 | | |
| 10 | «Аьккхийн Жанхотан илли».Иллин чулацам а, д1ах1оттам а. | 1 | 04.10 | | |
| 11 | «Аьккхийн Жанхотан илли». Иллин турпалхой: Мадин Жаьммарза,Жерочун к1ант,Баччин Элмарза, оьрсийн к1ант а, цуьнан нана а, Аьккхийн Жанхот. | 1 | 06.10 | | |
| 12 | «Аьккхийн Жанхотан илли». Илли т1ехь къаьмнийн доттаг1аллин тема. Иллин маь1на. | 1 | 11.10 | | |
| 13 | **Сочинении «Доттаг1алла».** | 1 | 13.10 | | |
| 14 | Халкъан илланчаш (НашхараЧийтмаран Зовр, Сулейманов Баудди, Гакашев Мохьмад, Орзимов Денисолт …). | 1 | 18.10 | | |
| 15 | Оьрсийн йаздархоша а,1илманчаша а нохчийн барта кхоллараллех лаьцна йаздинарг. | 1 | 20.10 | | |
| 16 | Назманаш. | 1 | 01.11 | | |
| 17 | Нохчийн йозанан историх лаьцна. Исбаьхьаллин литература. | 1 | 03.11 | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 18 | **Жам1 даран урок.** | 1 | 08.11 | | |
| 19 | Къоман исбаьхьаллин литература йолийнарш.Дудаев 1абдин дахар а, кхоллараллаа. | 1 | 10.11 | | |
| 20 | «Серло т1еузур вай къоламца хьостуш»,«Стоьмийн беш», «Колхозхочуьнан, цхьалхахочуьнан къамел»стихотворенеш. | 1 | 15.11 | | |
| 21 | Сальмурзаев Мохьмадан дахар а, кхоллараллаа. | 1 | 17.11 | | |
| 22 | «КхетамеХьамид» дийцар. | 1 | 22.11 | | |
| 23 | Дийцаран мехалла. Дийцаран коьрта чулацам а, маь1на а. | 1 | 24.11 | | |
| 24 | Нажаев Ахьмада ндахар а, кхолларалла а. | 1 | 29.11 | | |
| 25 | «Жа1у» поэма. | 1 | 01.12 | | |
| 26 | Поэмин коьрта чулацам а, маь1на а. Авторан 1алашо а, поэмин д1ах1оттам а. | 1 | 06.12 | | |
| 27 | Айсханов Шамсуддин дахар а, кхолларалла а. | 1 | 08.12 | | |
| 28 | «Политотделан газетехь» | | 13.12 | | |
| 29 | «Шен заманан векал» | 1 | 15.12 | | |
| 30 | **Изложени «Бакъдешан да».** | 1 | 20.12 | | |
| 31 | Бадуев Саь1ид-Салихьан дахар а, кхолларалла а. Бадуев<br><br>оман театр а.<br>Бадуев Саь1ид-Салихьан поэтически кхолларалла. | 1 | 22.12 | | |
| 32 | **Жам1 даран урок.** | 1 | 10.01 | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 33 | Бадуев Саь1ид-Салихьан оьрсийн йаздархошца хилла доттаг1аллин а, кхоллараллин а уьйраш. | 1 | 12.01 | | |
| 34 | Бешто» повесть. Повестан тема а, д1ах1оттам а. Васташ кхолларан башхаллаш. | 1 | 17.01 | | |
| 35 | «Бешто» повесть. Бештой, Бусаний. | 1 | 19.01 | | |
| 36 | **Сочинени: «Бешто» кечам бар** | 1 | 24.01 | | |
| 37 | **Сочинени: «Бешто» йазъйар.** | 1 | 26.01 | | |
| 38 | «Ц1еран арц» повесть. | 1 | 31.01 | | |
| 39 | Авторан 1алашо а, повестан д1ах1оттам а. Кулдевич а, цунна т1аьхьа бозурш а. | 1 | 02.02 | | |
| 40 | «Ц1еран арц» повесть. Хонмурд а, цуьнан доьзал а. Повестан маь1на. | 1 | 07.02 | | |
| 41 | Мамакаев 1аьрбин дахар а, кхоллаbooралла а. | 1 | 09.02 | | |
| 42 | Мамакаев 1аьрбин лирика. «Кавказан латта». «Сайн к1анте», | 1 | 14.02 | | |
| 43 | 1аламан,безаман лширика «Йо1е», «Даге» стихотворенеш. | 1 | 16.02 | | |
| 44 | «Нохчийн лаьмнашкахь» поэма. | 1 | 21.02 | | |
| 45 | Поэмин д1ах1оттам. Поэми т1ехь безам а, доттаг1алла а. Поэмин эпический, лирический чулацам. | 1 | 23.02 | | |
| 46 | Хамидов 1абдул-Хьамидан дахар а, кхокхоллараллa а. | 1 | 28.02 | | |
| 47 | , йцарш. «Д1а-коч, схьа-коч», «Абубубешар», «Г1ирма-солтас йаьккхина са», «Дурдий, Даргий» царш. | 1 | 02.03 | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 48 | Пьесаш. «Т1ам сийна кхокха», «Ламанан йо1» , «Мохьсолтин доьхна де», «Бож-1ела» пьесаш. | 1 | 07.03 | | |
| 49 | «Лийрбоцурш» – турпалаллин драма. Пъесин тема, жанр, д1ах1оттам.Хьалхара дакъа. | 1 | 09.03 | | |
| 50 | Ханпаший, Мутий. Ханпаша а, цуьнан накъостий-б1аьхой а. | 1 | 14.03. | | |
| 51 | «Лийрбоцурш» - турпалаллин драма. Шолг1ий, кхоалг1ий дакъош.Тыл а, фронт а. | 1 | 16.03 | | |
| 52 | **Жам1 даран урок.** | 1 | 21.03 | | |
| 53 | Къоман литература 20-чу б1ешеран 20-40-чуй шерашкахь кхиаран жам1аш. Проза, драматурги. | 1 | 23.03 | | |
| 54 | Къоман литература 20-чу б1ешеран 20-40-чуй шерашкахь кхиаран жам1аш а, х1инцалера литература а. Проза, драматурги. | 1 | 04.04 | | |
| 55 | Къоман литература 20-чу б1ешеран 20-40-чуй шерашкахь кхиаран жам1аш.Поэзи. | 1 | 06.04 | | |
| 56 | **Изложени «Ненан б1аьрхиш».** | 1 | 11.04 | | |
| 57 | Нохчийн литература Сийлахь-боккха Даймехкан т1ом лаьттинчу шерашкахь. Проза, драматурги. | 1 | 13.04 | | |
| 58 | Нохчийн литература Сийлахь-боккха Даймехкан т1ом лаьттинчу шерашкахь. Проза, драматурги. | 1 | 18.04 | | |
| 59 | Нохчийн литература Сийлахь-боккха Даймехкан т1ом лаьттинч у шерашкахь. Поэзи. | 1 | 20.04 | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 60 | Хьехархочо хаьржинчу говзаран т1ехь болх бар. | 1 | 25.04 | | |
| 61 | Нохчийн литература 20-чу б1ешеран 50-70-чуй шерашкахь. Проза, драматурги. | 1 | 27.04 | | |
| 62 | Нохчийн литература 20-чу б1ешеран 50-70-чуй шерашкахь. Поэзи. | 2 | 02.05 | | |
| 63 | Хьалха д1айаханчу хенахь оьрсийн, вайнехан вовшашца хилла машаре уьйраш литературехь гайтар. | 1 | 04.05 | | |
| 64 | Нохчийн литература 20-чу б1ешеран 80-90-чуй шерашкахь. Проза, драматурги. | 1 | 09.01 | | |
| 65 | Нохчийн литература 20-чу б1ешеран 80-90-чуй шерашкахь. Поэзи. | 1 | 11.05 | | |
| 66 | Сулаев М.А. «Лаьмнаша ца диццдо» роман. Товсолтин васт. | 1 | 16.05 | | |
| 67 | Гацаев Саь1ид «Хьоме Даймохк», «Б1аьсте» | 1 | 18.05 | | |
| 68 | **Жам1 даран урок.** | 1 | 23.05 | | |

## 4.МХГ1Ф (Литературни меттан хаарийн г1ирсан фонд)

**5 класс**

**Изложени№1**

**«Ломмий, цхьогаллий»**

Лом къа аделла к1елдисира.Тохара санна акхарой лецакарах ца долура цуьнан.Т1аккха цо х1илла дира,ша цомгуш ду аьлла сурт а х1оттийна, охьадижира Лом шен бен чу.Цуьнга хьажа цавеанарг кхана бехке хир ву, бохуш, акхарой т1еэха дуьйладелира цунна, могашалла хатта.

Чу мел деана экха кхаьллина делира Лом.Цхьана дийнахь лоьме хьажа деана хилла Цхьогал. Не1аре а х1оьттина,цо хаьттина:

« Х1ун хьал ду хьоьгахь , Хьоме Лом, г1оли йуй хьуна?»- аьлла.

Ша 1аламат ч1г1а цомгуш долчуха сурт а х1оттийна, халла йовхарш а тоьхна, г1ийла ц1евзина Лом:

- Цхьогал, хьо дац и? Дера соьгахь вонт хьал м аду.Чу долий, парг1ат далахьа.

- Дера чудеача соьгахь кхин а вон хьал хир ма дара. Хьан чу йог1уш лараш дуккха а го суна, арайолуш- м йац цхьа а,- аьлла х1илла долчу цхьогало.

**Сочинени№2 «Даймохк»**

**Сочинени №3 «Б1аьсте»**

**Изложени№4**

**«Хазахетар.»**

Ч1г1ардигаш схьа а даьхкина, уьш шайн баннаш х1усамашкахь д1атарделла хан яра иза. Сулимина ч1ог1а дукха деза и олхазар. Цо церан тидам а, терго а йора.

Цхьана 1уьйранна раг1у к1елхьарчу бенара ч1ег1ардиг ч1ог1а шега хьоьжуш сана хийтира Сулимина. Цуьнга хьоьжуш а латьттина, ишколе д1авахара иза. Амма ишколехь ч1ег1адигна сагатдеш, цхьа дагахьбаллам хила хан яьккхира цо. Урокаш

чекх мА – евллинехь, хье ца луш ц1а а веана, бене хьалахьаьжира иза. Ч1ег1ардиг тохара х1ара ишколе воьдуш мА-хиллара 1аш дара. Хьежар хьалхалерачул а г1ийла хийтира кхунна.

Кхин д1а ойла ца еш, лами а беана , сихха хьала а ваьлла, бен чу куьг кховдийра Сулимас. Ч1ег1ардиг, меттах ца хьовш жимма хебира. Меллаша иза бен чуьра схьаэцначул т1аьхьа Сулима кхийтира:ч1ег1ардиган когах хьирчина,уьш метах баха йиш йоцуш,чилланан теш хиллера. Сулимас охьа а воьссина, ч1ег1ардиг, лар а деш, ларамза тоьхначу «барголах»иза парг1атдаьккхира.

<u>IV.Изложени язъян кечам бар.</u>

1. План х1оттор.Иза х1окху кепара хила тарло:

**План:**

1. ч1ег1ардигаш схьадаьхкина.
2. Сулимина хеттарг
3. Сулимас сагатдо.
4. Хун хиллера ч1ег1ардигана?
5. Сулимас Хун дира?

**6 класс:**
**Сочинени №1 «Нана»**
**Сочинени №2 «Сан Даймохк»**
**7 класс**

**Изложени№1 « Воккха стаг ларар»**

**Воккха стаг ларар**

Массо а къаьмнийн ду воккха стаг ларар.Амма массера а воккхачу стеган некъ ца хадош,сацавалар. «Некъ цахадор» боху кхетам а ша-тайпа бу.Генара схьавог1учу стагана хьалха т1ехваларх некъ «хадо» я цунна новкъарло хуьлуш х1ума дац.Х1етте а оцу воккхачу стаге болу ларам ,цуьнан а,цуьнан шерийн а сий дар ду иза.Хаза а г1иллакх а ду.
Ша-тайпана ларам беш хилла воккхачу стеган йо1стага,къоначу зудчо а.Нагахь хи т1ера йог1у йо1 воккхачу стагана хьал кхетахь,иза шен к1удал охьа а х1оттайой,букъ а берзабой д1ах1уттуш хилла,и стаг т1ехваллалц.Нагахь шен жима бер карахь адолуш йог1уш зуда хилча, и бер некъа йисте охьа а дуьллий,юьстах а йолий , д1ах1уттуш хилла, воккхачу стагах бехк лоций.(М.Ахмадов)

**План:**

1) Массо а къаьмнийн ду воккха стаг ларар.
2) Воккхачу стеган некъ цахадор.
3) Стенна т1едоьг1на ца хадабо и?
4) Зударша муха бол ерам воккхачу стеган?
5) Шуна гиний воккхачу стеган лерам беш?

**Изложени №2 «Ламанан хи»**

**Ламанан хи**

Ирча хуьлу ламанан хи дистича. Охьанехьа дукха чехка дог1уш хиларна, шена дуьхьал нисъелларг охьатухий, хьоший, кагйой д1а- йоккху цо. Лекха бердаш лахара огий, чухерцадо, орамашца бух а дохуш, дитташ охьакхоьхьу. Х1аваъ дегош гонаха г1уг1 лаьтта.

Хин мокха пен х1инца шерра гуш т1аьхь-т1аьхьа схьат1ешершаш, боккха хуьлуш хилла. Инзаре г1овг1а яьккхина цо. "Кхуьур вац, х1ал-лакъхили тхойшиъ", - аьлла, Лоьмина дагатоссушехь, ма-йогг1у говр хаьхкина шайна орцах вог1у бере гина цунна*. Иза тхан объездчик Са- лахь хилла. Цунна дуьхьалхьаьдда Лоьма, Хьасан а текхош.

Салахьа, ша т1екхоччушехь, говр юха а хьовзош, катоьхна шена хьалха хьалаваьккхина Хьасан.

- Схьат1етасало т1еххьа! - мохь тоьхна цо Лоьмига.

Д1алалла! - аьлла, Лоьмас, мохал маса ша д1а а эккхаш. Цкъа вухахьажа кхиъначу Салахьана гина юххе кхоччуш доллу дистина до- г1у хи. Хьалха кхийда саьрмикан мотт санна, ирча хилла хин юьхь. Лаьххьара ницкъ т1ебахийтина, кхин а чехка ведда Лоьма.Бергашца жаг1а юхабетташ йоьдучу говрана юххе а иккхина лаг1велла,т1екхаьч- начу хин юьхьо к1ажийн пхенаш а дашош, боьрана сехьа иккхина Лоьма. эххар, ирахь латта г1ор а ца хилла, бай т1е охьавоьжна иза.

Хин г1овг1а х1инца лакхахьара а схьахезаш, гонахара х1аваъ дуьзна. Меллаша корта хьала а айбина, д1ахьаьжначу Лоьмина бер- риге а боьра хиэ д1алаьцна гина. Кхин зен ца хуьлуш, шаьш к1елхьа- радовлар хазахетта, Хьасане хьаьжна, велакъежира.

**План:**

1. «Ирча хуьлу ламанан хиш».
2. «Иза тхан хехо Салахь хилла».
3. «Ирахь латта г1ор а ца хилла, бай т1е охьавоьжна»
4. «Шаьш к1елхьардовлар хазахетта Хьасане хьаьжна, векакъежира Лоьма».

**Сочинени№3 «1аьнан суьйре».**

**Сочинени№4 «Сан дай баьхн йурт»**

**8 класс**

**Изложени №1« Доттаг1ий»**

**Доттаг1ий**

Арахь яьллачу г1овг1анах а, тоьпан татанах а кхераделла берзан к1езий, шешан бена чохь цхьана сонах д1атебба дохкура. Царна топ тоха дегаза хеташ, вехха лаьттира Атби. Уьш кегий долу дела царах къахетара цунна. Уьш ца дойуш йита мегар доцийла а хууш, жа юккъе лилхинчу берзалоша каетташ дуьмеш даьхна уьстаг1ий шена гича, хеттарг дага а лаьцна, к1езийн з1уганна юккъе топ туьйхира Атбис. Делларг, дийна диснарг муьлха ду а хьожуш, пхий а к1еза дийра цо.
Барза а далош метта веара и шиъ.
Вало, Ваха, х1инца ц1а а г1ой, колхозан правленехь болчаьрга вайшиммо берзалой яйиний хаийта, шена луург хьажа вог1ур. Борз ерна уьстаг1-х1ума а ма йог1у вайшинна. Пайденна йоцчу яьллехь а, ас барзана т1ера ц1ока схъайоккхур ю, - аьлла, ша буха а сецна, Ваха ц1а хьажийра Атбис.
Ткъа х1окху Барзина х1ун до вайша? - аьлла хаьттира Вахас. Шех къинхетам байта санна, г1ийла б1аьргаш керчадораж1аьло, шен ц1еяьккхича.
Барза соьца ца 1ийча дер дац, чевнаш д1аерззалц, - элира Атбис.
Шен т1оьрмиг а эцна, Ваха ц1ехьа волавелча, ц1ога а лестош, ц1ийзаш
меттахделира Барза.
Барза, хьо 1ад1ен деза кхузахь, цкъачунна, хьуо тодаллалц. Со кест-кеста вог1ур ву хьуна кхуза, - аьлла, коьрта т1е куьг а хьокхуш, Вахас ша хьаьстича, шега бохучух кхетча санна, Вахина т1аьхъа ца г1уртуш, Атбица сецира иза. Ваха ц1а вахара.
Гуьйре шелъелча, жа колхозан ферме далийра Атбис. Борз ерна колхозо уьстаг1 а, ц1окарчех пачхьалкхо ахча а делира Атбина. Барза а, чевнаш д1а а йирзина, тоделира. ^^ ^
Цхьана дийнахь кегийчу 1ахаршна х1ума ян хьуьнах вахара Атби. Иза дара 1ай. Цхьа а лар юй техьа берзан бена т1ейоьдуш аьлла, хьажа вахара иза. Амма иза, ло т1е а тесна, къайлабахнера. Т1ейог1уш цхьа а лар яцара.
Берзан бен д1ашарбелла карийча, дукха хан йоццуш хилла дерг дага лоьцуш ойла еш а лаьттина.

**План**

1. Берзан к1езий дайар.
2. Ваха Атбис ц1а хьажор.
3. К1ант ж1аьлега г1ийла хьажар.
4. Барза тодалар.
5. Берзан бен карор.
6. Атби, корсамаш а даьхна, ц1ехьа вахар.

**Изложени№2 «Вешин хьоза»**

**Вешин хьоза**

Беран амал аьхкенан мох санна ю:х1инцца,чан йоккхуш,диттийн баххьаш лестош,карзахболу,т1аккха ц1еххьана д1атоь,цкъа а ца хьекхча санна.Чан б1аьргашна новкъа хилар бен,шелонца зен ца до.

Иштта цкъацкъа Жемас «амал» гайтича,цуьнан нанас олура:

-Собар де ахь,Ризванан хьоза схьадаг1ахь,ас хьо ма-варра д1авуьйцур ву хьуна.Т1аккха цо и хабар Ризване д1ахьур ду…

-Х1ора дийнахь дог1у иза?

-Дера дог1у.

-Т1аккха цо соьга сан вешигара маршалла схьа х1унда ца ло?Ас сайгара маршалла а дохьуьйтур ма дара Ризване!

-Иза сатасале дог1у.Хьо вижна а хуьлий,д1адоьду-кх.

Т1аккха Жемин б1аьргашна хьалха х1уттура дашо т1емаш долу,адамийн мотт хуу,туьйранахь дуьйцу тамашийна олхазар.

Цхьана дийнахь кора уллохь шен машенаш ловзош 1ара Жема.Кора хьалха долчу сиренан гаьн т1е а хиъна,дека доладелира цхьа жима хьоза.Шен ловзар а дитина,цуьнга ладог1а х1оьттира Жема.Мел лерина ладог1арх,цо «дуьйцучух» ца кхийтира к1ант.Т1аккха ша хабар дийца волавелира:

-Суна х1инца а хьан мотт ца хаьа,делахь а,суна хьо девза хьуна.Хьо сан вешин хьоза м аду.Дуй?Хьан дашо т1емаш мичахь ду?Схьа ца лацийта,охьадехина?Со Жема ма ву.Ризванига д1ахаийталахь-со воьлхуш а вац,харцахьа а ц алела.Сихха ц1а вола а ала.Са сагатло…

Т1аьххьара дош аларе хьоьжуш 1ийча санна,цкъа-шозза «ч1ир-ч1ир» а дина,т1омадаьлла д1адахара хьоза.Иза эскаре Ризванна т1аьхьа г1уриг хиларх тешна вара Жема.

(223 дош)

**План:**

**1.Беран амал.**
**2.Ненан,к1ентан къамел**
**3.Хьоза деана.**
**4.Жемас хьозане хабар дохьуьйту.**

**Сочинени №3 «Халкъан турпалхо»**
**Сочинени №4 «Гиллакхо лайх эла во»**
**9 класс:**
**Сочинени№1 « Доттаг1алла»**
**Изложени №2 « Бакъдешан да»**

## Бакъдешан да

Комсомолан патрульца юкъараллин порядок ларъеш вара Муса цхьана буса.
Уллехула т1ехволуш, ц1еххьана цуьнан б1аьрг кхийтира, ц1енош чохь серло къедаш. Муса соцунг1а хилира. Серло йовш, леташ яра. Хьем ца беш, ведда не1аре вахара Муса. Когийн тата а хезна, чохь берш д1атийра. МеллашаxIOKXO д1атеттина не1 д1аеллаелира.
— Мила ву? — Мусас оллушехь, тоьхна кор а дохош, оцу чуьра араиккхира ши стаг. Лекхачу кертана т1ехула а иккхина, бешахула ведда воьдучу цаьршинна т1аьхьа хьаьдира Муса, ша цхьаъ бен воццушехь.
Б1аьрга 1оьттина п1елг гур боцуш, 1аьржа яра буьйса. Хьалха ведда воьду шиъ гуш вацара, амма церан когийн тата дара хезаш. Х1уьттаренна санна, цхьана юьхках ког а тасабелла, охьакхийтира Муса. XIара хьалаг1аьттича, вукхеран г1ара-тата

яйнера. Д1анехьо ваьлча, Мусана карийра цхьана нехан божал. Т1аккха сацам бира цо: «Уьш лачкъа и йоцург кхин меттиг яц» — аьлла. Божалан маь11е, б1аьрг т1ера д1а ца боккхуш, не1 ларъян д1ах1оьттира Муса. Ц1енош чохь г1ийло йогучу лампано корах араеттачу серлоно к1еззиг серлайохура божалан хьалхе . Божалан не1 меллаша херъелира. Цкъа цхьаннан корта гучубелира. Т1аккха ша ара а ваьлла, стешхо д1аса а хьаьжна, вукхуьнга «вало», аьлла куьг ластийра цо. Байн ког буьллуш, тебна Муса волчу маь11ехьа схьавог1ура и шиъ. Хьалхарчуьнан керахь къегаш доккха урс дара. Цаьргахьа герз хир ду аьлла дагахь а дацара Мусана.

Божалан маь11ехула и шиъ схьахьаьвззашехь, вахана хьалхарчунна т1екхийтира Муса: — Схьадуьйлалаш, х1оккхуза бу шуна! — аьлла, мохь а тухуш.

Оцу шиннах т1аьхьавог1уш верг ведира. Г1овг1анаш а хезна, Мусана г1оьнна кхечира болышцан белхало.

Дукха хан ялале и шиъ суьдана хьалха х1оьттира, царна хьакъ доллу таХзар а дирги,

Кестта Муса райкоман пленуман член а хаьржира, бюро юккъе а вахийтира.

Оцо кхин а даккхий декхарш т1едехкира къоначу комсомольцана.

Ша шен ца кхоош болх бора Мусас. Иза хуьлура геннарчу уьстаг1ий лелочу бригадашкахь, фермашкахь, культурам учрежденийн г1ишлош ечохь. Амма ша мел сиха лелаш хиларх, шен дош диццдийр долуш вацара къона комсомолец. (С. Бсрдукаев).

**П л а н .**

1. Юкъараллин къепе ларъеш вара Муса.
2. Меллаша ц1ийнан не1 д1аеллаелнра.
3. Муса т1аьхьахьаьдира царна.
4. Божалан не1 меллаша херъелира.
5. Хьалхарчунна т1екхийтира Муса.
6. Ши хулиган суьдана хьалха х1оьттира.
7. Ша-шен ца кхоош болх бора к1анта.

**Сочинени№3 «Бешто»**

**Изложени№4 «Ненан б1аьрхиш»**

**Ненан б1аьрхиш.**

Цхьа к1ант хилла къеначу ден-ненан.Дукхавезара царна иза.К1ант кхиъна ваьлча,ломахь г1арабаьлла дика динний,г1ирссий,т1емалочун духаррий кечдира дас.Цхьана дийнахь юьртара к1ентий кечбелира ламанца сакъера баха. Цхьаъ бен воцу к1ант а вахара цаьрца.Ц1еххьана ирча кхаъ беара лаьмнашка:мостаг1 ву т1ег1ерташ,аьлла,цо буржалш дахьа ламанхошна тоха,леш бина,уьш бацо.

Х1орш д1акхаьчча,мостаг1ашца т1аме х1иттира.Къаьсттина ч1ог1а т1ом беш вара цхьа цавевза т1емало.Цецваьлла висира массо стаг.

-Мила ву и т1емало?-хаьттира цхьаболчара.

-Иза дика т1емало ву,-элира вукхара.

Берриг шайн ницкъ гулбира мостаг1аша.Массо а цхьаьний т1елетира уьш оцу оцу турпалхочунна.Вуьйжира к1ант.Т1аккха т1етаь1ира ламанхой мостаг1ашна.Х1аллакбира цара уьш.

Болатан г1аг1 малхехь къегаш,баттах йолчу юьхьа т1ера сирла нур г1уьттуш,нана ехачу керта вахьаш вара к1ант.

-Собарделаш!-элира хьалхаваьллачо.-Вежарий! Сан ницкъ кхочур бац к1ентан нене х1ара д1ахаийта.Со кхоьру х1окху бохамо нана а ерна.Мила ву шуна юккъехь маттана говза,нене х1ара д1адалхо?

Массара а кортош охьаохкийра.Хьалхавелира къоьжа корта болу стаг.

-Схьаба суна дечиган пондар,цо дуьйцур ду нене говзачу,хазачу маттаца к1ант валар.Лалур бу цуьнга и ирча кхаъ.Схьабеара пондар.Делха дуьйладелира пондаран мерзаш.Шен пондарца тобанна хьалхавелира воккха стаг.Араелира к1ентан нана.Цунна гира,вистхуьлуш стаг воцуш,г1айг1ано кортош охкийна,т1емалой,хезира бекаш,боьлхуш пондар.

Буьйсанна декачу олхазаран эшарх тарлуш,набарна бер дижо нанас олучу аганан иллех тарлуш,бекара пондар.Пондаро дуьйцура нанас шен цхьаъ бен воцу к1ант мел везаш кхиийна.Т1аьххьара а,т1еман г1ерзаш

вовшахдетталуш санна,къора бийкира пондар.Хеталора:т1еман марсаллехь майрачу к1антана т1ера барзакъ болатан г1овг1анца декаш санна.

Боьлхура пондар,тийжара пондар.Ладоьг1ура к1ант винчу нанас.Гора цунна бармахь дакъа.Вистхуьлуш цхьа а воцуш,кортош охкийна лаьттара т1ем алой.Кхийтира нана.Бармахь 1уьллург кхуьнан к1ант вара.Дуьххьара араваьллера иза ненец а хоттуш.Иза майра леттера мостаг1ех.Дуккха а х1аллакбира цо уьш.Велира ша а.

-Ас декъалво хьо,сан к1ант!- мохь туьйхира нанас.

-Оха декъалво хьо!- йийкира тоба.Боьлхура пондар,тийжара пондар.Оьгура ненан б1аьргех довха хиш.

**План.**

1.Цхьа к1ант хилла къеначу ненан.
2.Ц1еххьана ирча кхаъ беара лаьмнашка.
3.Берриг шайн ницкъ гулбира мостаг1аша.
4.Хьалхавелира къоьжа корта болу стаг.
5.Схьабеара пондар.
6.Делха дуьйладелира пондаран мерзаш.
7.Боьлхура пондар,тийжара пондар.
8.Оьгура ненан б1аьргех довха хиш.